

PAMILIHE TEMBUNG LAN LELEWANE BASA SAJRONE LIRIK CARITA BASA USING NAWI BKL INAH ANGGITANE ANTARIKSAWAN JUSUF LAN HANI Z. NOOR

Tri Nur Meilasari
gagarong3n@gmail.com

ABSTRAK

Crita diarani lirik carita amarga durung tau ana sing kaya mangkene format panulisanane. Yen diarani basanan dudu, wangsalan dudu, diarani guritan ya dudu. Yen ing basa Indonesia ana *Prosa Liris*, formate luwih bebas nanging dudu kaya pada-pada ing parikan. Carita iki yen diarani basanan utawa parikan ya kurang cocog. Jenenge parikan biyasane ana sampiran lan isi, uga bisa mung sak pada. Sawetara tulisan iki ora ana sampirane, uga critane nyambung kaya dene prosa liris. Lelandhesane pamawas kasebut, yaiku sajrone lirik carita tinemu sawijine esensi kaendahan lumantar wewujudan pamile tembung lan tata rakite tembung-tembunge. Lirik carita arang bisa tinemu ing kasustraan kang nggunakake basa maneka warna. Salah sijine lirik carita kang dadi objeke panliti, yaiku lirik carita *NAWI BKL INAH*. Reriptan sastra kasebut pinilih dening panliti dadi objeke panliten iki kanthi saperangan kaluwihan. Karya iki diripta dening Antariksawan Jusuf lan Hani Z. Noor ing taun 2013 kanthi kandel 224 kaca, 112 kaca nggunakake basa Using lan 112 liyane nggunakake basa Indonesia.

Underan sajrone panliten iki kaya mangkene. (1) Kepriye wujud pamilihe tembung (*diksi*) sajrone lirik carita basa Using *NAWI BKL INAH* anggitane Antariksawan Jusuf lan Hani Z. Noor. (2) Kepriye wujud lelawane basa (*gaya bahasa*) sajrone lirik carita basa Using *NAWI BKL INAH* anggitane Antariksawan Jusuf lan Hani Z. Noor.

Panliten kang ditindakake kanthi objek lirik carita basa Using *NAWI BKL INAH* iki asipat *kualitatif* lan nggunakake pamarekan *stilistika*. Metode kang digunakake sajrone analisis data, yaiku metode *simak* minangka cara pamacane reriptan sastra. Datane panliten iki awujud pethikan-pethikan ukara lan uga pustaka.

Panliten iki nuduhake asil yen lirik carita *NAWI BKL INAH* nuduhake pamilihe tembung kang maneka warna, kayata pepindhan, citraan, purwakanthi guru sastra, purwakanthi guru swara, rima pungkasan, tembung camboran, antonim, hiponim, makna denotatif, lan konotatif. Lelewane basa kang tinemu sajrone lirik carita *NAWI BKL INAH*, kayata lelewane basa asindenton, pleonasmе, repetisi, tautologi, simile, personifikasi, paradoks, eufimisme, pararima, antithesis, lan apofasis.

A. PURWAKA

Bab iki ngemot andharan ngenani lelandhesane panliten, undere panliten, tujuwane panliten, paedha panliten, lan wewatesane panliten. Andharane sing luwih jangkep ing ngisor iki.

1. Lelandhesane Panliten

Kanggo ngudhari pamilihe tembung lan lelewane basa ing lirik carita *NAWI BKL INAH* anggitane Antariksawan Jusuf lan Hani Z. Noor. Teori stilistika digunakake kanggo ngonceki pamilihe tembung lan lelewane basa kang onja ing lirik carita kang migunakake basa Using, basa dhaerah kang digunakake dening masyarakat suku Using, suku kang minangka sebageyan saka pendhudhuk Banyuwangi, suku sisane rakyat Blambangan.

2. Underane Panliten

Adhedhasar landhesan panliten sing diandharake mau, bisa ditamtokake undhere panliten ing ngisor iki.

- 1) Kepriye wujud pamilihe tembung (*diksi*) sajrone lirik carita basa Using *NAWI BKL INAH* anggitane Antariksawan Jusuf lan Hani Z. Noor?
- 2) Kepriye wujud lelewane basa (*gaya bahasa*) sajrone lirik carita basa Using *NAWI BKL INAH* anggitane Antariksawan Jusuf lan Hani Z. Noor?

3. Ancase Panliten

Adhedhasar undhere perkara kang wis ditamtokake, prelu diandharake tujuwan panliten kaya ing ngisor iki.

- 1) Nemokake wujud pamilihe tembung (*diksi*) sajrone lirik carita basa Using *NAWI BKL INAH* anggitane Antariksawan Jusuf lan Hani Z. Noor.
- 2) Nemokake wujud lelewane basa (*gaya bahasa*) sajrone lirik carita basa Using *NAWI BKL INAH* anggitane Antariksawan Jusuf lan Hani Z. Noor.

4. Paedha Panliten

Anane panliten iki kaajab bisa menehi paedah kang migunani tumrap pamaos lan panliti dhewe. Paedah panliten iki utamane kaperang dadi loro, yaiku paedah *teoretis* lan paedah praktis

Panliten iki nduweni ancas umum kanggo medharake reroncene tetembungan sajrone lirik carita basa Using *NAWI BKL INAH* anggitane Antariksawan Jusuf lan Hani Z. Noor kang ngandhut lelewa.

Ancas khusus kang dikarepake ing panliten iki ana loro kaya kang disebutake kayata:

- 1) Nemokake wujud pamilihe tembung (*diksi*) sajrone lirik carita basa Using *NAWI BKL INAH* anggitane Antariksawan Jusuf lan Hani Z. Noor.

- 2) Nemokake wujud lelewane basa (*gaya bahasa*) sajrone lirik carita basa Using *NAWI BKL INAH* anggitané Antariksawan Jusuf lan Hani Z. Noor.

B. TINTINGAN KAPUSTAKAN

Bab iki ngemot andharan ngenani tintingan kapustakan sing kaperang dadi panliten saemper, teori-teori kang digunakake panliten, lan landhesan teori. Andharane sing luwih jangkep ana ngisor iki.

1. Panliten Saemper

Panliten kapisan sing dianggep saemper ana 5, yaiku: (1) Azizah (2009) *Diksi lan Gaya Bahasa Ing Antologi Novel "Tanpa Mripat" anggitané Aminuddin kanthi tintingan Stilistika*; (2) Wardana (2012) *Pamilihing Tembung lan Lelewane Basa sajroning Antologi Geguritan Kidung saka Bandungan anggitané Tri Puspohardini*; (3) Magfiroh (2013) *Larasing Tembung lan Tembang sajroning Antologi Campursari Banyuwangi Anggitané Andang C.Y (Tintingan Stilistika)*; (4) Santoko (2007) *Pamilihing Tembung lan Lelewaning Tembung sajroning Geguritan Anggitané Sugeng Wiyadi*; lan (5) Maslikatin (2013) *Tanda-tanda Budaya Using dalam Lirik carita Nawi BKL Inah: Lokalitas dan Universalitas*.

Kanthi nandhingake asil panliten ing ndhuwur, bisa dititiki bedane panliten pamilihe tembung lan lelewane basa ing lirik carita *NAWI BKL INAH* anggitané Antariksawan Jusuf lan Hani Z. Noor karo panliten-panliten sadurunge. Bedane yaiku panliten iki ngandharake pamilihe tembung lan lelewane basa ing lirik carita sing migunakake basa Using lan nuduhake kabudayan suku Using, suku kang minangka sebageyan saka pendhudhuk Banyuwangi, suku sisane rakyat Blambangan.

2. Lirik carita *NAWI BKL INAH*

Satra minangka ekspresi pikiran lan pangrasane manungsa asale saka kanyatan panguripaning masyarakat. Kanyatan iku mau diolah liwat proses kreatif, saengga ngasilake tulisan kang ngandhut unsur kanyatan kang ana. Tulisan kreatif kasebut salah sawijine awujud lirik carita.

Carita iki diarani lirik carita amarga durung tau ana sing kaya mangkene format panulisane. Yen diarani basanan dudu, wangsalan dudu, diarani guritan ya dudu. Yen ing basa Indonesia ana *Prosa Liris*, formate luwih bebas nanging dudu kaya pada-pada ing parikan. Carita iki yen diarani basanan utawa parikan ya kurang cocog. Jenenge parikan biyasane ana sampiran lan isi, uga bisa mung sak pada. Sawetara tulisan iki ora ana sampirane, uga critane nyambung kaya dene prosa liris (Jusuf, 2013:ix).

3. Pamilihe Tembung (*Diksi*)

Diksi yaiku pilihan tembung kang trep lan salaras panggunane kanggo ngungkapake gagasan saengga nuwuhake *efek* tartamtu kaya kang dikarepake (KBBI, 1990:205). Pamilihe tembung pancen wigati

kanggo nguripake ukara saengga kanggo pamilihe tembung kasebut dibutuhake panguwasan *kosakata*.

Keraf (2006:24) ngandharake, *diksi* yaiku minangka sawijine cara kanggo milih tembung kanthi teges kang trep lan cocog kanggo ndhukung pangungkapane sawijine ide utawa gagasan tartamtu saka sawijine panulis. Meh saemper karo andharane Keraf, Sudjiman (1993:13) menahi teges ngenani *diksi* yaiku pilihan *leksikal* lan cethane swara kang nuwuhake *efek-efek* tartamtu saka pacelathon ing satengahé masyarakat lan kagiyatan ngripta. Saka andharan sudjiman bisa ditegesi Manawa *diksi* yaiku *reroncene* tetembungan kang digunakake dening pangripta supaya anggitané luwih bisa menahi rasa nges, pamantep, lan kaendahan.

Adhedhasar andharan para sujana ngenani pamilihe tembung (*diksi*) ing dhuwur, bisa dijupuk dudutan manawa pamilihe tembung yaiku panganggone tetembungan kang trep kang magepokan karo kaendahan basa lan swasana. Sajrone panganggone tetembungan pangripta nduweni kebebasan kanggo milih tetembungan, mula saben pangripta nduweni kekhasan dhewe-dhewe ing reriptane kang iku gumantung saka pendhidhikane, agama, budaya, lan sapanunggalane.

a. Pepindhan

Pepindhan yaiku unen-unen kang ngemu surasa pepindhan, irib-iriban, emper-emperan. Dapuking ukara pepindhan nganggo tembung *kaya, pindha, kadya, kadi, lir, pendah* (Padmosoekotjo, 1953:110).

b. Citraan

Citraan yaiku nggambarake samubarang kang digayutake karo pancadriya. Citraan digunakake karo pangripta kanthi tujuwan supaya asil reriptane bisa nuwuhake kaendahan lan nduweni kekuwatan kang apik. Saka tujuwan iku pangripta nduweni kekarepan supaya pamaos bisa seneng lan nduweni imajinasi karo asil reriptane pangripta.

c. Purwakanthi Guru Swara (*Asonansi*)

Purwakanthi guru swara bisa diarani kanthi sesebutan *asonansi*. Padmosoekotjo (1953:59) ngandharake manawa purwakanthi guru swara, tegese purwakanthi kang lelandhesan swara *vokal*. Paugeran swara *vokal*, yaiku swara *vokal* kang wis kasebut ing gatra utawa perangané ukara kang ana ing ngarep utawa wiwitan, diruntutake utawa digandheng, disebutake maneh karo gatra utawa perangané ukara ing buri. Bisa didudut, purwakanthi guru swara yaiku salah sawijine lelewane basa kang nduweni wujud swara *vokal* kang diambali utawa dibolan-baleni ing sawijine tembung utawa ukara kang lumrahe digunakake ana ing lirik carita kanggo nuwuhake *efek* rasa pangrasa kang nguwatake utawa mbangetake.

d. Purwakanthi Guru Sastra (*Aliterasi*)

Purwakanthi guru sastra utawa bisa diarani kanthi sesebutan *aliterasi*. Purwakanthi guru swara, yaiku

swara *konsonan* kang dibaleni ing wiwitan tembung kanthi runtut utawa urut. Saemper karo pangerten ing dhuwur (Padmosoekotjo, 1953:60) ngandharake, purwakanthi guru swara tegese purwakanthi kang lelandhesan sastra konsonan, yaiku sastra kang arupa *konsonan* kang wis kasebut ana ing perangane ukara kang ngarep utawa ing perangane ukara kang wiwitan, diruntutake utawa digandheng, disebutake maneh ing perangane ukara ing mburi. Saka andharan iku bisa didudut, purwakanthi guru sastrayaikusalah sawijine jenis lelewane basa kang nduweni wujud swarane sastra kang arupa *konsonan* kang diambali utawa dibolan-baleni ing sawijine tembung utawa ukara kang lumrah ditemoni sajrone lirik carita. Tuladhane kaya ing ukara

e. Rima Pungkasan (*Rima Akhir*)

Yuwana (2000:47) ngandharake, rima pungkasan (*rima akhir*) yaiku swara kang padha ing buri baris sajak. Adhedhasar panggonan lan *sruktur*, rima *akhir* bisa diperang dadi papat, yaiku rima *berangkai*, rima *berselang*, rima *berpasangan*, lan rima *berpeluk*. Ing panliten iki panliti mung bakal ngrembug rima *berangkai*, rima *berselang*, lan rima *berpasangan*.

f. Tembung Rangkep (*Reduplikasi*)

Tembung rangkep (*reduplikasi*) yaiku *proses morfemis* kang ngambali wujud dhasar utawa perangane wujud dhasar kasebut (Verhaar, 2010:152). Dene miturut Sasangka (2011:97) ngandharake, manawa *reduplikasi* ing basa Jawa cacahé ana telu, yaiku *dwipurwa*, *dwilingga*, lan *dwiwasana*.

g. Tembung Camboran (*Pemajemukan*)

Tembung camboran utawa *kata majemuk* (*kompositum*) yaiku tembung loro utawa luwih kang digandheng dadi siji lan tembung mau dadi tembung anyar kang tegese uga melu anyar. Kang dikarepake teges anyar yaiku ing kene teges mau beda karo teges tembung nalika isih awujud tembung lingga (Sasangka, 2011:105).

h. Antonim

Antonim yaiku tembung, *frase*, utawa ukara kang nduwe teges walikan karo tembung, *frase*, utawa ukara liyane (Sasangka, 2011:205). Tembung kang kalebu *antonim* ing antarane, yaiku ‘*dawa-cendhak*’, ‘*gampang-angel*’, lan sapanunggalane.

i. Hiponim

Hiponim yaiku salah sawijine ilmu kang ana ing *relasi makna*. *Hiponim* yaiku tembung kang tegese kaanggep dadi perangane tembung liya, utawa surasane tembung iku ana ing panguasane tembung liya (Sasangka, 2011:211). Tembung ‘*abang*’, ‘*putih*’, ‘*biru*’, ‘*ijo*’, lan ‘*jingga*’ iku kalebu tembung kang surasane ana ing panguasane tembung ‘*werna*’.

j. Makna Denotatif

Makna *denotatif* utawa ing basa Jawa kasebut teges wantah. Makna *denotatif* sinebut uga makna *kognitif*. Makna *kognitif* nuduhake anane sesambungan antarane gagasan kang ana ing pikiran utawa konsep lan kasunyatan. Tembung kang ngemu teges *kognitif* padatan surasane lugas utawa blaka suta, surasane apa anane, lan ora ngemu teges sanepan utawa isbat (Sasangka, 2011:217).

k. Makna Konotatif

Makna *konotatif* utawa *konotasi* ing basa Jawa kasebut teges entar. Makna *konotatif* nuduhake manawa surasaning tembung utawa surasane *frase* iku ora kaya ana ing tembung utawa *frase* kasebut, nanging ana teges liya utawa surasa liya kang melu nempel ing tembung utawa *frase* iku (Sasangka, 2011:218).

4. Lelewane Basa (*Gaya Bahasa*)

Basa yaiku *sistem tanda* kang adhedhasar utawa ditentukake miturut pasarujukan (*konversi*) masyarakat. Senajan kaya mangkono, ananging nalika basa iku digunakake sajrone karya sastra, basa banjur owah miturut aturan basa sajrone sastra. Ya gene pasarujukan basa sastra iku amung pasarujukan tambahan ing antarane aturan-aturan panganggone basa kang wis trep ana sajrone masyarakat saben dinane. Basa sastra iku antarane basa *kiasan* utawa lelewane basa (*symbolic extrapolation*) Preminger (sajrone Pradopo, 2002:209).

Lelewane basa mujudake cara panganggone basa kanthi mligi kanggo nuwuhake fungsi tartamtu. Sajrone karya sastra *efektif* mesthi ana fungsi estetika kang nyebabake karya kasebut nduweni nilai seni. Nilai seni sajrone karya sastra tuwuh amarga anane lelewane basa lan fungsi liya kang nyebabake karya sastra dadi luwih endah. Kridalaksana (1983:49-50) ngandharake manawa salah sijine teges lelewane basa kanthi mligi yaiku panganggone *ragam* basa tartamtu, kanggo nuwuhake *efek-efek* tartamtu, lan kanthi umum, mujudake sakabehe titikan basa saka sagolonganing panulis sastra.

a. Asindenton

Lelewane basa kang negesake samubarang kanthi njlentrehake tetembungan kang urut tanpa nggunakake tembung pangiket (Keraf, 2007:131). Jinis lelewane basa kang njlentrehake tetembungan kang *tataran maknane* padha kanthi runtut nanging tanpa nggunakake tembung pangiket utawa *tanpa kata penghubung* (Ratna, 2013:443).

b. Pleonasme

Sawijine lelewane basa kang digunakake kanggo nguntabake tetembungan kang diperlukake luwih akeh tinimbang sawijine pamikiran (Keraf, 2007:131). Pleonasme uga bisa ditegesi lelewane basa sing menahi katrangan marang sawijine tembung kanthi cara diluwih-luwihake, kang sejatine nduweni teges padha (Ratna, 2013:441).

c. Repetisi

Repetisi yaiku pangulangane swara, tembung utawa saperangan ukara kang dianggep wigati kanggo menehi *tekanan* sajrone ukara (Keraf, 2007:127).

d. Tautologi

Perulangan tembung, kelompok tembung, utawa sinonim sing kadhang ora diperlokake (Ratna, 2013:444).

e. Simile

Perbandingan kang asipat *eksplisit*. Tegese *eksplisit* yaiku langsung nyatakake samubarang karo samubarang liyane kang nduweni sipat padha. Kanggo nyatakake sipat *eksplisit* dibutuhake tembung kaya, padha, lsp (Keraf, 2006:138).

f. Personifikasi

Personifikasi minangka sawijine wujud *kias* kang mujudake samubarang utawa *konsep abstrak* minangka *pribadi (person)manusiawi* kanthi duweni sipat-sipat kamanungsan (Dick Hartoko, 1986:108). Bisa diandharake manawa lelewane basa *Personifikasi* iki nggawe gegambaran kang urip saliyané iku menehi pangerten kang genah lan *bayangan angan* sing *konkret*. *Personifikasi* yaiku sawijine lelewane basa pambandhing kang mbandhingake anane samubarang kang mati dadi kaya-kaya urip amarga tata runtuting tetembungan kaiket karo sesipating manungsa (Ratna, 2013:446).

g. Paradoks

Paradoks yaiku lelewane basa kang arupa ukara *pernyataan*. Ing sajrone ukara kuwi ana rong perkara sing *bertentangan* (Ratna, 2013:447).

h. Eufimisme

Eufimisme yaiku lelewane basa kang nuduhake tembung-tembung kang disawang saru utawa dirasa kasar diganti karo tembung-tembung liyané sing luwih pantes utawa alus (Ratna, 2013:445).

i. Pararima

Pararima yaiku lelewane basa kang ngembali konsonan wiwitan lan pungkasan sajrone tembung utawa bageyan tembung liyané (Ratna, 2013: 441).

j. Antitesis

Antitesis yaiku lelewane basa kang nggawe perbandingan antarane rong antonym (Ratna, 2013:446).

k. Apofasis

Apofasis yaiku lelewane basa kang nuduhake penegasan kanthi cara kaya-kaya nyengkal sing ditegesake (Ratna, 2013:440).

5. Stilistika

Stilistika mujudake cara sastrawan kanggo *manipulasi* utawa manfaatake *unsur* kaendahan kang ana ing sajrone basa lan rasa kang diwujudake dening

panggunane. Punjer ing sajrone panliten *stilistika* yaiku gaya (*style*), yaiku cara kang digunakake dening pamicarautawa panulis kanggo nyatakake maksud kanthi nggunakake basa minangka saranane, *style* uga bisa ditegesi *gaya bahasa* (Sudjiman, 1993:2-3).

Stilistika miturut Kridalaksana (1982:157) yaiku (1) ilmu kang nyelidiki basa kang digunakake sajrone karya sastra; ilmu *interdisipliner* antarane *linguistik* lan kasusastran; (2) penerapan *linguistik* ing panliten lelewane basa (*gaya basa*). Saka pamawas iku bisa ditegesi manawa *stilistika* yaiku ilmu ngenani *gaya bahasa*.

Tujuwan saka titingan *stilistika*, ngandharake samubarang kang lumrahe ana sajrone donyane kasusastran, kanggo njlentrehake samubarang ing antarane basa kalawan *fungsi artistik* lan maknane (Wellek lan Warren sajrone Nurgiyantoro, 2007:279). Saliyané iku, uga nduweni tujuan kanggo nemtokake sepira adohe lan babagan apa wae basa kang digunakake iku nuduhake anggona nyimpang sarta kepriye tandha-tandha *linguistik* kanggo mujudake *efek* kang mirunggan (Chapma sajrone Nurgiyantoro, 2007: 279).

6. Lelandhesan Teori

Lirik carita minangka karya sastra kang bisa dititingi kanthi maneka cara, salah sijine yaiku kanthi titingan *stilistika*. Mula ing panliten iki bakal dianalisis lirik carita ing lirik carita *NAWI BKL INAH* anggitane Antariksawan Jusuf lan Hani Z. Noor kanthi titingan *stilistika*.

Stilistika minangka cara kang digunakake dening pamicara utawa panulis kanggo nyatakake maksud kanthi nggunakake basa minangka saranane, *style* uga bisa ditegesi *gaya bahasa* (Sudjiman, 1993:18). Adhedhasar andharan iku, underane *stilistika* ing panliten iki, kaajab bisaa mangerteni lan nemokake bab-bab kang gegayutan karo pamilihe tembung (*diksi*) lan lelewane basa (*gaya bahasa*) ing panliten iki.

Ing panliten iki nganalisis pamilihe tembung (*diksi*) kang migunakake panemune Keraf. Keraf (2006:24) ngandharake, *diksi* yaiku minangka sawijine cara kanggo milih tembung kanthi teges kang trep lan cocog kanggo ndhukung pangungkapane sawijine ide utawa gagasan tartamtu saka sawijine panulis.

Kanggo dianalisis babagan lelewane basa (*gaya bahasa*), panulis uga nggunakake panemune Sudjiman. Sudjiman (1993:16) ngandharake, lelewane basa (*gaya basa*) yaiku unsur basa kang *ekspresif* lan *emotif* kang ditambahake ing babagan kang *netral*. Kanthi lelewane basa (*gaya bahasa*) bisa nuduhake kekhasane pangripta. Sudjiman uga ngandharake manawa lelewane basa minangka cara migunakake basa sajrone *konteks* tartamtu dening pawongan tartamtu kanggo maksud tartamtu.

C. METODHE PANLITEN

Bab iki ngandharake ngenani metodhe panliten sing digunakake ing diandharake metode utawa tata cara kang digunakake kanggo nitingi panliten.

1. Ancangan Panliten

Panliten ngenani lirik carita *NAWI BKL INAH* anggitané Antariksawan Jusuf lan Hani Z. Noor nggunakake metode *deskriptif kualitatif*. Sudaryanto (1993:62) ngandharake manawa metode *deskriptif kualitatif* yaiku panliten kang mung adhedhasar kasunyatan-kasunyatan kang kanthi *empiris* tuwuh lan kedadeyan saka sumbering omongan utawa penutur.

Endraswara (2008:5) uga ngandharake manawa titikan paling wigati sajroné panliten *kualitatif* kang nintingi reripta sastra, yaiku: (1) panliti minangka kunci kang bakal maca kanthi premati sawijining reriptan sastra, (2) panliten ditindhakake kanthi cara *deskriptif*, tegesé diandharake lan dijlentrehake kanthi wujud tetembungan utawa gambaran yen dibutuhake, dudu wujud angka-angka, (3) luwih ngutamakake *proses* tinimbang asil, amarga reripta sastra mujudake *fenomena* kang mbutuhake penafsiran, (4) analisis kanthi *induktif*, (5) makna mujudake babagan kang paling utama.

2. Sumber Dhata lan Dhata Panliten

Sumber data kang digunakake sajroné panliten iki yaiku lirik carita *NAWI BKL INAH* anggitané Antariksawan Jusuf lan Hani Z. Noor. Ing lirik carita kasebut ana 6 (*enem*) bab. Saka 6 (*enem*) bab kasebut wis bisa makili kanggo njawab ing underané panliten.

Lirik carita kasebut kapilih dadi sumber data amarga narik kawigaten panliti lan dianggep onjo kanggo makili panliten iki. Data kang kapilih iku sabanjuré diudhari kanthi titingan *stilistika*.

Data kang digunakake sajroné panliten iki yaiku arupa tembung, *frase*, *klausa* lan ukara ing lirik carita *NAWI BKL INAH* anggitané Antariksawan Jusuf lan Hani Z. Noor kang tumuju marang titingan *stilistika*. Banjur kanggo njangkepi sumber data kasebut, data kang wis ana diwaca lan didokumentasikake.

3. Metode lan Teknik Panliten

Panliten iki pangecakane asipat *kualitatif*, kang diwujudake ing sajroné metode *simak*, amarga data kang dibutuhake diwaca banjur dicathet, digoleki prakara-prakara kang ana ing lirik carita mau. Saliyane metode *simak*, panliten iki uga nggunakake metode wawancara. Wawancara sing ditindakake dening panliti yaiku wawancara karo panyerata lirik carita *NAWI BKL INAH*. Metode wawancara ditindakake supaya tembung-tembung basa Using sing ora dimangerteni panliti utawa babagan sing ora dimangerteni sajroné lirik carita mau bisa diweruhi saka panyerat lirik carita *NAWI BKL INAH*. Sajroné panliten iki ora luput saka tata cara nglumpukake data, tata cara pangolahane data, lan tata cara nulis asil pangolahane data. Kepriye cara-cara kang dilakoni panliti bakal dijlentrehake kaya mengkene.

Tata cara ngumpulake data ing panliten iki migunakake metode *simak*. Sudaryanto (1993:132) ngandharake, metode *simak* yaiku metode kang digunakake sajroné panliten basa kanthi cara nyimak panggunane basa ing objek kang bakal ditliti. Teknik

ngumpulake data ing panliten iki, yaiku kanthi nggunakake metode waca, cathet, lan pustaka. Teknik cathet iki digunakake amarga lirik carita diwaca banjur dipilih teks kang kalebu ing analisis pamilihe tembung (*diksi*) lan lelewane basa (*gaya bahasa*). Teknik cathet yaiku nyathet data-data kang wigati (Mahsun, 2005:93). Sawise kabeh mau kalaksanan sabanjuré maca buku (*telaah pustaka*) kang gegayutan karo panliten, mligine babagan stilistika, kang gunane kanggo njangkepi lan nyengkuyung panliten kang wis diandharake. Anane pamacan iku mau supaya anggongé nintingi data bisa luwih onjo.

Panliten iki nggunakake metode *deskriptif kualitatif* yaiku metode kang ndheskripsikake apa kang dadi data sajroné panliten. Data kang dikarepake yaiku prakara-prakara pamilihe tembung (*diksi*) lan lelewane basa (*gaya bahasa*) kang ana ing lirik carita *NAWI BKL INAH* kang diwedharake kanthi titingan *stilistika*. Ing panliten iki ngliwati proses kanthi cara kang beda-beda saben tingkatane utamane tahapane.

4. Tata Cara Nulis Asile Panliten

Kanggo dianalisis panggunane pamilihe tembung (*diksi*) lan lelewane basa (*gaya bahasa*) ing sajroné lirik carita *NAWI BKL INAH* Antariksawan Jusuf lan Hani Z. Noor digunakake titingan *stilistika*.

Panliten iki kalaksanan kanthi nengenake pranatan lumrah tumrap sawijining panliten *ilmiah*. Tata cara nulis asile panliten ana loro, yaiku *analisis formal* lan *informal*. Tata cara nulis asile panliten iki yaiku kanthi cara *informal* ateges data kang diandharake kanthi nggunakake tembung-tembung kang lumrah (Sudaryanto, 1993:144-145).

Tata cara nulis asile panliten nuduhake upaya panulis kanggo nyuguhake asil analisis data kang awujud laporan tulisa ngenani apa wae kang diasilake sajroné panliten, mligine ing pamilihe tembung (*diksi*) lan lelewane basa (*gaya bahasa*) sajroné lirik carita mau.

D. ASILE PANLITEN

Bab iki ngemot jlentrehan asile panliten kang arupa jlentrehan ngenani tradhisi Suran Agung. Jlentrehane kaperang dadi 6 jinis, yaiku (1) kahanane kutha Madiun, (2) wujud tradhisi Suran Agung, (3) ubarampe lan tata laku sajroné tradhisi Suran Agung, (4) sinkretisme sajroné tradhisi suran agung, (5) pamawase masyarakat marang tradhisi Suran Agung, lan (6) dhiskusine asil panliten. Jlentrehan kang luwih jangkep kaya ing ngisor iki.

1. Pamilihe Tembung (*diksi*)

Diksi minangka wujud pamilihe tembung kang ditemtokake dening panulis kanthi cara kang trep kanggo nyusun lan ngronce tetembungan. Tembung kang dipilih dening panulis ditindakake kanthi trep lan ati-ati supaya reriptane bisa nduweni nilai estetis. Antariksawan Jusuf lan Hani Z. Noor nggunakake *diksi* ora mung ngutamakake ing makna, nanging uga ing rasa lan

pangrasa kang tuwuh ing jiwane pamaos. Ngenani pamilihe tembung kang digunakake ing sajrone lirik carita *NAWI BKL INAH* anggitane Antariksawan Jusuf lan Hani Z. Noor, panliti merang dadi suwelas bab sing bakal dirembug, yaiku ngenani pepindhan, citraan, purwakanthi guru swara (*asonansi*), purwakanthi guru sastra (*aliterasi*), rima pungkasan (*rima akhir*), tembung rangkep (*reduplikasi*), tembung camboran (*pemajemukan*), makna denotatif, lan makna konotatif.

a. Pepindhan

Pepindhan yaiku tembung endah kang ngandhut surasa dipindhakake utawa diupamakake. Tembung-tembung iki digunakake kanggo nuwuhake kesan tartamtu marang pamaos utawa lawan tutur. Pepindhan digunakake kanggo ngandharake sawijine makna saka babagan kang dibandingake. Pepindhan umume nggunakake tembung *kaya, pindha, lir, kadi, kadya*.

Wujud pepindhan ing lirik carita *NAWI BKL INAH* anggitane Antariksawan Jusuf lan Hani Z. Noor bisa kawawas kaya ing pethikan ngisor iki.

- (1) Udan-udan, mulih sekòlah tetep melaku liwat lòmpongàn.
Lurungé sepi, mblayu nung tengah dalam ambi cekakakan.
Rambut klepus kluncum kòyò tikus kecemplung pecerèn.
Marèk ngothak seragam, ngombé wédang jahé gulò arèn.
(Jusuf, 2013:6)

Adhedhasar pethikan ing dhuwur wis genah manawa lirik carita anggitane Antariksawan Jusuf lan Hani Z. Noor nggunakake tembung pepindhan. Ing pethikan (1) lirik carita bisa kawawas manawa ing ukara '*Rambut klepus kluncum kaya tikus kecemplung pecerèn*' panulis nggunakake tembung pepindhan '*kaya*'. Saka pethikan kuwi, panulis nggambarake Nawi nalika isih arek cilik sing rambute lagi teles kebes. Kahanan kaya mangkana iku kedadeyan amarga dheweke mulih sekolah nalika udan. Rambut kang teles iku bisa kawawas manawa panulis milih tembung '*klepus kluncum*' kang nggambarake kahanan kang tegese teles banget.

b. Citraan

Citraan yaiku gegambaran pangangen-angen kang tuwuh saka panulis kanggo mbangkitake daya pengangen pemaos kanthi nggunakake gegambaran pangangen-angen (Yuwana, 2000:64).

1) Citraan Pandulu

Citraan pandulu yaiku gegambaran kang tuwuh saka panca ndriya nalika sesambungan karo pandulu. Panganggone citraan pandulu ing lirik carita bisa nuwuhake *efek* ing pangrasane pamaos supaya melu mangerteni kaya kang dirasakake dening panulis.

Citraan pandulu ing Lirik carita *NAWI BKL INAH* bisa kawawas kaya ing pethikan ngisor iki.

- (2) Ngaji ambi Pak Haji Markum, pareg maghrib saben dinò.
Hing ulih pati kakèhan muyab, masiyò alif bak tak wis apal.
Hang tambeng, sampèk mòtò lèdèp hing bisò-bisò mòcò.
Dhung hing disabet penjalin, òjò sampèk diserèwat dhòmpal.
(Jusuf, 2013:32)

Adhedhasar pethikan (2), tembung kang nuduhake citraan pandulu yaiku tembung '*mata ledep*.' lan '*maca*'. Tembung '*ledèp*' lan '*maca*' ing pethikan kuwi minangka tembung '*kaanan*' lan tembung '*kriya tanduk*'. Saka pethikan kuwi, panulis ngajak pamaos supaya mangerteni apa kang dirasakake dening panulis, yaiku sawijine kahanan bocah cilik ngaji sing sinau maca tulisan Arab nang Pak Haji Markum sadurunge magrib saben dina. Yen tambeng lan kakean guyon mengko bisa disabet penjalin utawa disrawat dhumpal.

2) Citraan Pangrungu

Citraan pangrungu yaiku gegambaran kang nyebatake utawa njlentrehake swara-swara kang sesambungan karo panca ndriya pangrungu. Panganggone citraan pangrungu sajronelirik carita bisa nuwuhake *efek* ing pangrasane pamaos supaya bisa ngrasakake apa kang dirasakake dening panulis.

Citraan pangrungu ing lirik carita *NAWI BKL INAH* bisa kawawas kaya ing pethikan ngisor iki.

- (3) Mercòn gedhi, didèlèh ring kadòhan, soalé ròdò wedi.
Sumbu disumet, ditinggal mblayu sak kuaté.
Mercòn mbeledhòs, kertas dhèdhègan nung endi-endi.
Kuping kumpleng, mbengung suwe nòndò obaté.
(Jusuf, 2013:7)

Adhedhasar pethikan (3) tembung '*kuping kumpleng*' lan '*mbengung*' kasebut nuduhake citraan pangrungu. Saka rong tembung kuwi, panulis ngajak pamaos supaya ngrasakake apa kang dirasakake Nawi lan kanca-kancane, yaiku kahanan kuping sing nganti mbengung amarga swara mercon mbledhos, mula panulis nggambarake manawa swara kang dirungokake ing wektu iku swarane banter banget.

3. Citraan Pangambu

Citraan pangambu yaiku gegambaran kanthi nggunakake panca ndriya pangambu. Citraan pangambu bisa nuwuhake pangrasane pemaos kaya-kaya ngambu apa kang dirasakake dening panulis. Panganggone citraan pangambu sajronelirik carita bisa nuwuhake *efek* ing pangrasane pamaos supaya bisa ngrasakake apa kang dirasakake dening panulis.

Citraan pangambu ing Lirik carita *NAWI BKL INAH* bisa kawawas kaya ing pethikan ngisor iki.

- (4) Dikòngkòn Emak tuku kerupuk, tukuké duwé asu.
Ati kemesud, awak gemeter, pas asuné tekò.
Sikil diambus tapi kerònd meneng baén, ambi asu digeningnò.
Gadhug umah, ngilangi najisé sikil diumbuh ping pitu.
(Jusuf, 2013:23)

Pethikan (4), tembung '*diambus*' ingpethikan '*Sikil diambus tapi kerana meneng bain, ambi asu digeningna*' nuduhake citraan pangambu. Saka ukara kuwi, panulis ngajak pamaos ngrasakake apa kang dirasakake Nawi, yaiku ngrasakake kahanan sikile sing lagi diambus asu nanging malah dijarna amarga wedi lan supaya ora dicokot. Nalika wis tekan omah, dheweke ngilaki najise kanthi diumbuh ping pitu.

Citraan pangambu iki nduweni tujuwan menehi efek supaya apa kang dituwuhake dening panulis bisa dirasakake dening pamaos lan menehi penguatan marang rasa, mligine rasa kang tuwuh saka salah sawijine panca ndriya yaiku pangambu.

4. Citraan Solah Bawa

Citraan pandulu yaiku gegambaran kang tuwuh saka obahe panca ndriya nalika sesambungan karo solah bawa. Panganggone citraan pandulu ing lirik carita bisa nuwuhake efek ing pangrasane pamaos supaya melu mangerteni kaya kang dirasakake dening panulis.

Citraan pandulu ing Lirik carita *NAWI BKL INAH* bisa kawawas kaya ing pethikan ngisor iki.

- (5) Duwé pitik jago, yò digèndhòng nung endi-endi.
Gòlèt musuh nawi ketemu pitik jago tanggané.
Pitik tablukan diantèni sampèk kalah salah siji.
Mblayu keciran, dhung ketemu diuwèl hang duwè.
(Jusuf, 2013: 12)

Adhedhasar pethikan (5), tembung '*digèndhòng*', '*tablukan*' lan '*mblayu keciran*' nuduhake citraan solah bawa. Saka pethikan kuwi, panulis ngajak pamaos supaya ngrasakake apa kang lagi dirasakake, yaiku ngrasakake kahanan nalika cilikane Nawi dheweke nggendhong pitik digawa nang endi-endi, nablukake pitike karo pitike tanggane, banjur mlayu amarga diweruhi karo sing duwe pitik.

Citraan solah bawa iki nduweni tujuwan menehi efek supaya apa kang dituwuhake dening panulis bisa dirasakake dening pamaos lan menehi penguatan marang rasa, mligine rasa kang tuwuh saka solah bawane manungsa.

5. Citraan Pangepap

Citraanangepap yaiku gegambaran kang tuwuh saka panca ndriya nalika sesambungan karoangepap. Panganggone citraan pandulu ing lirik carita bisa nuwuhake efek ing pangrasane pamaos supaya melu mangerteni kaya kang dirasakake dening panulis.

Citraan pandulu ing Lirik carita *NAWI BKL INAH* bisa kawawas kaya ing pethikan ngisor iki.

- (6) Puòsòan akèh diadòl buah belòngkak ring pinggir dalan.
Diserut diendòhi ès, abang mbranang wernò setrupé.
Ombénan paling pas bukò, dienggo takjil seru temenan.
Dhung melaku mulih tuku belòngkak, gendhing apalané:
...
(Jusuf, 2013:10)

Adhedhasar pethikan (6), tembung '*ombenan*' ing ukara '*Ombenan paling pas buka, dienggo takjil seru temenan*' nuduhake citraanangepap. Saka pethikan kuwi, panulis ngajak pamaos supaya ngrasakake apa kang lagi dirasakake Nawi nalika wayah ulan pasa, yaiku ngrasakake segere belongkak yen wayah buka pasa. Belongkak akeh didol ing pinggire dalan. Belongkak diserut diwenehi es lan strup abang mbranang, rasane seger tenan.

Citraanangepap iki nduweni tujuwan menehi efek supaya apa kang dituwuhake dening panulis bisa dirasakake dening pamaos lan menehi penguatan marang rasa, mligine rasa kang tuwuh saka salah sawijine panca ndriya yaikuangepap.

c. Purwakanthi Guru Swara (Asonansi)

Purwakanthi guru swara utawa bisa diarani *asonansi*. Purwakanthi guru swara yaiku purwakanthi kang lelandhesan swara *vokal*. Paugeran swara yaiku swara kang wis kasebut ing gatra utawa perangan ukara kang ana ing ngarep utawa wiwitan, diruntutake utawa digandheng, disebutake maneh karo gatra utawa perangan ukara ing buri.

1) Purwakanthi Guru Swara Fonem /a/

a) Purwakanthi Guru Swara Fonem /a/ Alofon [a]

Wujud purwakanthi guru swara fonem /a/ [a] ing lirik carita *NAWI BKL INAH* bisa kawawas saka pethikan ngisor iki.

- (7) Pereg Taman Blambangan ònd Gesora né pisan.
Panggònan artis-artis lokal utòwò tekò ibukòta manggung.
Panggòn pèntas seni budaya, lan acara final pertandhingan.
Pòli, nyanyi, pilem, téater, angklung, kuntulan, gandrung.
(Jusuf, 2013:4)

Adhedhasar pethikan ing ndhuwur nuduhake anane purwakanthi guru swara fonem /a/ kang ana ing lirik carita anggitané Antariksawan Jusuf lan Hani Z. Noor. Pethikan (7), tembung kang nuduhake purwakanthi guru swara fonem /a/ alofon [a] yaiku tembung 'parek', 'taman', 'Blambangan', 'ana', 'gesora', 'pisan', 'panggonan', 'artis', 'lokal', 'utawa', 'teka', 'ibukota', 'manggung', 'pentas', 'lan', 'acara', 'final', 'pertandhingan', 'nyanyi', 'teater', 'angklung', 'kuntulan', lan 'gandrung'. Panulis nggunakake tembung 'Blambangan' tinimbang tembung 'Banyuwangi' kaajab bisa luwih nuwuhake rasa pangrasa kang beda ing reriptane. Saka pethikan kuwi, panulis menehi pamawas marang pamaos ngenani gegambarane pentas apa wae sing ana ing Gesora Blambangan, yaiku ana nyanyi, teater, angklung, kuntulan, lan gandrung. Gesora Blambangan panggone ana ing cedhake Taman Blambangan.

b) Purwakanthi Guru Swara Fonem /a/Alofon [A]

Wujud purwakanthi guru swara fonem /a/ [A] ing lirik carita *NAWI BKL INAH* bisa kawawas saka pethikan ngisor iki.

- (8) Dhung rainò magih bisò pisan main bòm-bòman. Karbit banyu dicampur ditutup òmplòng, òjò hang berek. Òmplòng disumet, ati-ati bisò mencelat hing kakaruan. Mulò nyumete kudu ambi jajang dòwò hing kathik mareg. (Jusuf, 2013: 7)

Adhedhasar pethikan ing dhuwur nuduhake anane purwakanthi guru swara fonem/a/ alofon [A] kang ana ing lirik carita *NAWI BKL INAH* anggitané Antariksawan Jusuf lan Hani Z.Noor. Pethikan (8), tembung kang nuduhake purwakanthi guru swara fonem /a/ alofon [A] yaiku tembung 'raina', 'bisa', 'aja', 'mula', lan 'dawa' nuduhake purwakanthi guru swara fonem/a/ alofon [A]. Panulis nggunakake surasane Nawi lan kanca-kancane sing lagi dolanan bom-boman wayah awan. Bom-boman digawe saka karbit lan banyu diwadahi omplong. Banjur omplong disumet karo pring dawa supaya yen omplonge mencelat ora kena ing tangan. Panulis nggunakake tembung 'raina' tinimbang tembung 'awan' kaajab bisa luwih nuwuhake rasa pangrasa kang luwih jeru ing reriptane.

2) Purwakanthi Guru Swara Fonem /i/

a) Purwakanthi Guru Swara Fonem /i/ Alofon [i]

Wujud purwakanthi guru swara fonem /i/ alofon [i] ing lirik carita *NAWI BKL INAH* bisa kawawas sakapethikan ngisor iki.

- (9) Mancing welut ring kali cilik pareg mesjid Al-Hadi.

Bòndhò palesan semèster, umpané cacing hang gedhi.

Ulih welut sak gòrèngan dirijigi ring banyu mili. Dhung ònòkuning-kuning kemambang liwat yò ati-ati.

(Jusuf,, 2013:12)

Pethikan (9), tembung kang nuduhake purwakanthi guru swara fonem /i/ alofon [i] yaiku bisa kawawas saka tembung 'kali', 'gedhi', 'dirijigi' 'mili', 'liwat', lan 'ati-ati'. Pamilihe tetembungan kang nunggal swara fonem /i/ alofon [i] nuwuhake rasa pamantep lan nges kanggo nggambarake kahanan kali ing cedhake mesjid Al-Hadi. Saka pethikan kuwi panulis menehi pamawas marang pamaos ngenani gegambarane jaman cilike Nawi sing senengane mingcing welut kanthi umpane cacing gedhi ing cedhake mesjid Al-Hadi. Oleh welut sak gorengan diresiki ing banyu mili.

b) Purwakanthi Guru Swara Fonem /i/ Alofon [I]

Wujud purwakanthi guru swara fonem /i/ alofon [I] ing lirik carita *NAWI BKL INAH* bisa kawawas sakapethikan ngisor iki.

- (10) Ring selempitan wòh gedhang, paceké ònò Emprit nyisih. Arep njiret, gòlèt ganjur, kawat dibunderi diendòh pucuké. Kawaté dijahitnò kain ròdò dòwò kòyò kaos kaki putih. Wis kejiret, diwadahi gedebòg, jempritan suarané. (Jusuf, 2013:29)

Pethikan (10), tembung kang nuduhake purwakanthi guru swara fonem /i/ alofon [I] yaiku bisa kawawas saka tembung 'ring', 'emprit', 'nyisih', 'kain', lan 'putih'. Saka pethikan kuwi panulis menehi pamawas marang pamaos ngenani kahanan Nawi nalika isih bocah dolan ing kebonan njiret manuk emprit karo kancane. Manuk emprit asringe nylempit ing slempitane wit gedhang. Nawi njiret nggunakake singgek sing diwenehi kawan lan kain. Menawa wis kejiret, manuk emprite diwadahi debog.

c. Purwakanthi Guru Swara Fonem /i/ Alofon [ai]

Wujud purwakanthi guru swara fonem /i/ alofon [ai] ing lirik carita *NAWI BKL INAH* bisa kawawas sakapethikan ngisor iki.

- (11) Suraté Inah kòyò bledhèk nyamber hing ònò udan. Isun hing paham òmòngan paran hang gadhug nung yané iki. ... (Jusuf,2013:91)

Pethikan (11), tembung kang nuduhake purwakanthi guru swara fonem /i/ alofon [ai] yaiku bisa

kawawas saka tembung *'iki*. Ing basa Using nduweni sistem fonologi diftongisasi, saengga tembung *'iki* diwaca /ikai/. Pamilihe tembung kang nunggal swara fonem /ai/ nuwuhake rasa pamantep lan nges kanggo nggambarake surasa mbangetake. Saka pethikan iki panulis menahi pamawas marang pamaos yen surate Inah sing diwaca Nawi kaya bledheg nyamber-nyamber ora ana udan. Nawi ngrasakake kahanan kaya mangkono amarga dheweke ora paham apa sing ditulis Inah ing surate kuwi.

3) Purwakanthi Guru SwaraFonem/u/

a) Purwakanthi Guru SwaraFonem/u/Alofon [u]

Wujud purwakanthi guru swara fonem /u/ alofon [u] ing lirik carita *NAWI BKL INAH* bisa kawawas saka kaya ing pethikan ngisor iki.

- (12) Tembung blater, kulit hang bisò tuku mung laré gedhongan.
Tembung kampung, tembung plastik yò tukuné urunan.
...
(Jusuf, 2013:4)

Pethikan (12), tembung *'tuku'* lan *'urunan'* nuduhake purwakanthi guru swara fonem /u/ alofon [u]. Pamilihe tetembungan kang nunggal swara fonem /u/ alofon [u] ing ukara kasebut bisa nuwuhake rasa nges kanggo nuduhake pangrasane panulis. Saka pethikan kuwi, panulis menahi pamawas marang pamaos manawa ing cilikane Nawi isih akeh dolanan sing garai bisa guyub rukun karo kancane, kayata bal-balan. Bal apik saka kulit sing bisa tuku mung bocah gedhongan. Bocah kampung ya bisane tuku bal sing biyasa kanthi cara urunan. Jaman saiki beda karo jaman biyen, bocah cilik saiki cekelane wis *gadget* kang nyebabake angel srawung karo wong liya.

b) Purwakanthi Guru SwaraFonem /u/ Alofon [U]

Wujud purwakanthi guru swara fonem /u/ alofon [U] ing lirik carita *NAWI BKL INAH* bisa kawawas saka kaya ing pethikan ngisor iki.

- (13) ...
Durung mlebu kelas melibeng ulung kòyò wòng mabuk.
Mung tekò kadòhan tulih-tulihan, ati legò wis kecaruk.
(Jusuf, 2013:51)

Pethikan (13), tembung *'durung'*, *'ulung'*, *'mabuk'*, *'mung'*, *'tulih'*, lan *'kecaruk'* nuduhake purwakanthi guru swara fonem /u/ alofon [U]. Saka pethikan kuwi, panulis menahi pamawas marang pamaos nalika Nawi ceblok tresna karo Inah. Ing sekolahan, sadurunge mlebu kelas, Nawi ngubengi sekolahan nganti kaya wong mabuk supaya bisa kepethuk Inah. Yen wis

kepethuk mung sawang-swanagan wae bisa gawe atine seneng.

c) Purwakanthi Guru SwaraFonem/u/Alofon [au]

Wujud purwakanthi guru swara fonem /u/ alofon [au] ing lirik carita *NAWI BKL INAH* bisa kawawas saka kaya ing pethikan ngisor iki.

- (14) ...
Ngarep balesané, dhung ènget dadi ròdò gemuyu.
Wayahé pelajaran wis ngantèni kapan dhung metu.
(Jusuf, 2013:54)

Pethikan (14), tembung *'gemuyu'*, lan *'metu'* nuduhake purwakanthi guru swara fonem /u/ alofon [au]. Ing basa Using fonem /u/ uga ngalami proses diftongisasi. Dadi tembung *'gemuyu'* bisa diwaca *'gemuyau'* nalika posisine ana ing pungkasan ukara. Saka pethikan iki panulis menahi pamawas marang pamaos ngenani gegambaran nalika Nawi ceblok tresna karo Inah gawanane pengin ketemu karo Inah saben dina.

4) Purwakanthi Guru Swara Fonem /e/

a) Purwakanthi Guru Swara Fonem /e/ Alofon [e]

Wujud purwakanthi guru swara fonem /e/ alofon [e] ing lirik carita *NAWI BKL INAH* bisa kawawas kaya ing pethikan ngisor iki.

- (15) Dhung duwé jangkrik wanènan, mòngkòg rasané ati.
Kòyò-kòyòné awak dhèwèk hang menang tokaran.
...
Dhung wis kalah, dijantur sunguté makené wanènan.
(Jusuf, 2013:12)

Adhedhasar pethikan (15), bisa kawawas manawa tembung *'duwe'*, *'rasane'*, *'kaya-kayane'*, *'sungute'*, lan *'makene'* nunggal swara fonem /e/ alofon [e]. Swara fonem /e/ alofon [e] ing pethikan kuwi, bisa nuwuhake rasa kaendahan lan kekhasane panulis. Saka pethikan kuwi, panulis menahi pamawas marang pamaos nalika Nawi lagi menang adu jangkrik rasa atine mongkog, nanging yen wis kalah jangkrike banjur dijantur sungute supaya wanenan.

b) Purwakanthi Guru Swara Fonem /e/ Alofon [ɛ]

Wujud purwakanthi guru swara fonem /e/ alofon [ɛ] ing lirik carita *NAWI BKL INAH* bisa kawawas kaya ing pethikan ngisor iki.

- (16) ...
Sadhèng siji, pal singidanan, sadhèng loro dienggo jèg-jègan.
Syukur ònò penjalin, cindhek dòwò, bisò main pathil léléan.

(Jusuf, 2013:2)

Adhedhasar pethikan (16), bisa kawawas manawa tembung *'sadheng'*, lan *'jeg-jegan'* nunggal swara fonem /e/ alofon [ɛ]. Saka pethikan kuwi, panulis menahi pamawas marang pamaos Manawa jaman cilikane Nawi dheweke dolanan *'jeg-jegan'* karo kanca-kancane nggunakake wit palem utawa cagak listrik sing ana ing kono. Yen ana penjaln bisa uga dolanan pathil lelean.

c. Purwakanthi Guru Swara Fonem /e/ Alofon [ə]

Wujud purwakanthi guru swara fonem e alofon / ə / ing lirik carita *NAWI BKL INAH* bisa kawawas kaya ing pethikan ngisor iki.

(17) ...
Isun ndhèpròk, kepingin ndileng sòpò hang paling cepet.
Selat hang wulu putih nyelempit nung suwiwi tengen kiwò.
Hang kelawu arané Paul, Gambir wernònè sòklat kòyò sepet.
(Jusuf, 2013:4)

Adhedhasar pethikan (17), tembung *'ndileng'*, *'cepat'*, *'selat'*, *'nyelempit'*, *'tengen'*, *'kelawu'*, *'wernane'*, lan *'sepet'* nuduhake purwakanthi guru swara fonem /e/ alofon [ə]. Panulis nggunakake tembung *'kepingin'* nduweni tujuwan kanggo nggambarake manawa swara kang dirungokake nuduhake surasane Nawi sing lagi ndelok andhukan dara lan penasaran sapa sing paling cepet. Dene tembung *'nyelempit'* diruntutake karo tembung *'tengen'* minangka kanggo nggambarake manawa tembung mau bisa nuduhake yen selat wulu putih kuwi nylempit nang suwiwi sisih tengen.

5) Purwakanthi Guru Swara Fonem /o/

a) Purwakanthi Guru Swara Fonem /o/ Alofon [o]

Wujud purwakanthi guru swara fonem /o/ alofon [o] ing lirik carita *NAWI BKL INAH* bisa kawawas kaya ing pethikan ngisor iki.

(18) Wit gedhang loro jèjèran kenèng dienggo olahraga sempòròt.
...
(Jusuf, 2013:27)

Pethikan (18), bisa kawawas manawa ing tembung *'loro'*, *'dinggo'*, lan *'olahraga'* nuduhake purwakanthi guru swara fonem/o/ alofon [o]. Saka pethikan kuwi panulis nggambarake ana wit gedhang loro sing bisa digunakake bocah-bocah kanggo olahraga semporot.

b) Purwakanthi Guru Swara Fonem /o/ alofon [O]

Wujud purwakanthi guru swara fonem /o/ alofon [O] ing lirik carita *NAWI BKL INAH* bisa kawawas kaya ing pethikan ngisor iki.

(19) Marèk isak paceké dikòngkòn tuku jajan pareg prapatan.
Hang adòl Wak Ròkak ngadhèp mèjò jajan ambi mbecucu.
Òjò sampèk ngòmòng pindho dhung arep tuku jajan.
(Jusuf, 2013: 31)

Pethikan (19), bisa kawawas manawa ing tembung *'dikongkon'*, *'adol'*, lan *'ngomong'* nuduhake purwakanthi guru swara fonem /o/ alofon [O]. Panulis nggambarake kahanan nalika Nawi dikongkon tuku jajan nang warung Wak Rokak. Yen tuku nang warunge Wak Rokak ora oleh ngambali ngomong ping pindha, supaya ora diomongi “yen kesusu muliha wae ora usah tuku!”.

d. Purwakanthi Guru Sastra (Aliterasi)

Purwakanthi guru sastra uga bisa diarani *aliterasi*. Purwakanthi guru sastra yaiku purwakanthi kang lelandhesan sastra *fonem*, yaiku *fonem* kang wis kasebut ana ing perangane ukara kang ngrep utawa ing perangane ukara kang wiwitan, diruntutake utawa digandheng, disebutake maneh ing perangane ukara ing buri.

Wujud purwakanthi guru sastra ing lirik carita *NAWI BKL INAH* anggitané Antariksawan Jusuf lan Hani Z. Noor katon ing pethikan ngisor iki.

1) Purwakanthi Guru Sastra Fonem /b/

a) Purwakanthi Guru Sastra Fonem /b/ Alofon [b]

Wujud purwakanthi guru sastra kang arupa fonem /b/ alofon [b] bisa kawawas kaya ing pethikan ngisor iki.

(20) Buru ngarti dhung bòsò inggris ònò kònsèp: *kapan*.
Kata kerjané bédò dhung madhang saiki ambi soré.
Madhang késuk bédò ambi madhang kapanané.
...
(Jusuf, 2013:35)

Adhedhasar pethikan (20), tembung kang nuduhake purwakanthi guru sastra fonem/b/ alofon [b] yaiku ing tembung *'buru'*, *'basa'*, *'beda'*, lan *'ambi'*. Tetembungan kasebut nuduhake kahanan kang durung tau. Bisa kawawas ing pethikan kuwi panulis malah nuduhake rasa kang nyenengake. Saka pethikan kuwi, panulis menahi pamawas marang pamaos ngenani gegambaran Nawi sing lagi ngerti kepriye tata basa ing basa Inggris. Ing basa Inggris ana konsep *'kapan'*, mangan saiki beda karo mangan winginane

b) Purwakanthi Guru Sastra fonem /b/ alofon [by]

Wujud purwakanthi guru sastra kang arupa fonem /b/ alofon [by] bisa kawawas kaya ing pethikan ngisor iki.

- (21) Upacara Barong Ider Bumi nung désò Kemirèn wis kesuwur.
Diterusnaken selamatan dèsò, hing cumò nggawé jenang.
Abang tanggo wernò paran, hang dipépe cumpu kasur.
...
(Jusuf, 2013:40)

Pethikan (21) tembung kang nuduhake purwakanthi guru sastra fonem/b/ alofon [by] yaiku tembung 'barong'. Swara fonem /b/ alofon [by] ing tembung 'barong' kang ana ing pethikan diwaca [byarong] amarga tembung iki nuduhake proses fonologi palatalisasi. Panulis nggunakake tembung 'barong' mau kanggo nggambarake jinis upaca adat sing ana ing Banyuwangi. Saliyane Barong Ider Bumi, upacara liyane yaiku Pethik Laut, Seblang, lsp. Upacara Barong Ider Bumi nang desa Kemiren wis kesuwur. Banjur diterusake slametan desa sing ora mung nggawe jenang. Akeh abang-abang dipepe ing dalan, pranyata kuwi kasure wong Using ing desa Kemiren.

2) Purwakanthi Guru Sastra Fonem /d/

a) Purwakanthi Guru Sastra Fonem /d/Alofon [d]

Wujud purwakanthi guru sastra kang arupa fonem /d/ alofon [d] bisa kawawas kaya ing pethikan ngisor iki.

- (22) Dadi dhung arep ndileng gandrung, kudu ring désò liyò.
Wòng pòdhò maju, gandrungé mundur mèh jempalikan.
Ndileng Aljin, kemekel ndileng endhas dikepròki galaran.
Hing sampèk jam ròlas, lèdèp hing bisò dibukak sithik belòkò.
(Jusuf, 2013: 40)

Adhedhasar pethikan (22), tembung kang nuduhake purwakanthi guru sastra fonem/d/ alofon [d] yaiku ing tembung 'dadi', 'ndileng', 'gandrung', 'kudu', 'desa', 'mundur', 'dikeproki', 'ledep', lan 'dibukak'. Tetembungan kasebut nuduhake pakaryane manungsa. Saka pethikan kuwi, panulis menahi pamawas marang pamaos ngenani gegambarane kepriye desane Nawi ngenani kesenian gandrung. Ing desane Nawi ora oleh ana wong nanggap gandrung. Dadi yen pengin ndelok gandrung ya ing desa liya. Saliyane kesenian gandrung ing pethikan iki uga kasebut ngenani kesenian Aljin, yaiku kesenian maca lontaran sing jaman biyen misuwur saka Banyuwangi, nanging saiki wis ora ana.

b) Purwakanthi Guru Sastra Fonem /d/ Alofon [dy]

Wujud purwakanthi guru sastra kang arupa fonem /d/ alofon [dy] bisa kawawas kaya ing pethikan ngisor iki.

- (23) ...
Siji-siji, disuwèk setengah dhuwur ngingsòr dicubles semat.
Dadi kiling munyeng-munyer kòyò kiling pesawat.
(Jusuf, 2013:27)

Adhedhasar pethikan (23), tembung kang nuduhake purwakanthi guru sastra fonem/d/ alofon [dy] yaiku ing tembung 'dadi'. Tembung kasebut nuduhake tembung guru sastra fonem /d/ alofon [dy] sing ngalami proses fonologi palatalisasi, mula tembung 'dadi' diwaca [dyadi] ing basa Using. Saka pethikan kuwi, panulis menahi pamawas marang pamaos ngenani gegambarane kepriye carane nggawe dolanan kiling sing bisa munyer kaya kilinge kapal mabur. Kiling utawa kitiran bisa digawe saka godhong sing disuwèk lan dironce supaya bisa munyer yen katerak angin.

3) Purwakanthi Guru Sastra Fonem /dh/

a) Purwakanthi Guru Sastra Fonem /dh/Alofon [dh]

Wujud purwakanthi guru sastra kang arupa fonem /dh/ alofon [dh] bisa kawawas kaya ing pethikan ngisor iki.

- (24) Masiyò gedigu hing bisò lali ambi Inah gandholané nyòwò.
Kelendi éndané, sisik melik kudhangan atinipun.
...
(Jusuf, 2013:68)

Saka pethikan (24), tembung 'gandholane' nuduhake purwakanthi guru sastra kang nunggal fonem/dh/ alofon [dh]. Saka pethikan kuwi panulis menahi pamawas marang pamaos ngenani kahanane Nawi kang lagi kapang marang kadang kinasihe, yaiku gandholan nyawane Inah.

b. Purwakanthi Guru Sastra fonem /dh/ alofon [dhy]

Wujud purwakanthi guru sastra kang arupa fonem /dh/ alofon [dhy] bisa kawawas kaya ing pethikan ngisor iki.

- (25) ...
Apak isun mbukak perancangan.
Wis kecaruk ambi Inah kudhangané ati.
(Jusuf, 2013:100)

Saka pethikan (25), tembung 'kudhangane' nuduhake purwakanthi guru sastra kang nunggal fonem/dh/ alofon [dhy]. Swara fonem /dh/ alofon [dhy] minangka swara kang duwe surasa abot lan dawa. Bisa kawawas manawa panulis nggunakake tembung kang nunggal swara /dh/ alofon [dhy] kanggo ngandharake kahanan posisine Inah ing atine Nawi, yaiku Inah dadi kudhangan atine Nawi.

4) Purwakanthi Guru Sastra Fonem /j/

a) Purwakanthi Guru Sastra Fonem /j/ Alofon [j]

Wujud purwakanthi guru sastra kang arupa fonem /j/ alofon [j] bisa kawawas kaya ing pethikan ngisor iki.

- (26) Aran jajang dudu mung siji gunané.
Dienggo patròl, tulup, ganjur, palesan lan sak macemé.

...

(Jusuf, 2013:16).

Saka pethikan (26), tembung ‘ganjur’ nuduhake purwakanthi guru sastra kang nunggal fonem/j/ alofon [j]. Saka pethikan kuwi panulis menahi pamawas marang pamaos gegambarane samubarang kang bisa dinggo dolanan nalika Nawi isih cilik. Sing jenenge jajang ora among siji gunane, bisa dinggo patrol, tulup, ganjur, palesan, lsp.

b. Purwakanthi Guru Sastra Fonem /j/ Alofon [jy]

Wujud purwakanthi guru sastra kang arupa fonem /j/ alofon [jy] bisa kawawas kaya ing pethikan ngisor iki.

- (27) Ring Lateng hing ulih ònò tòntònan nggantung gòng.
Gedigu jaré wòng tuwèk-tuwèk, makené hing kuwalat.

...

(Jusuf, 2013:40)

Saka pethikan (27), tembung ‘jare’ nuduhake purwakanthi guru sastra kang nunggal fonem/j/ alofon [jy]. Bisa kawawas manawa panulis nggunakake tembung kang nunggal swara /j/ alofon [jy] kanggo ngandharake kahanan kang kedadeyan antarane wong siji karo liyane. Swara fonem /j/ alofon [jy] uga minangka fonem kang ngalami proses fonologi palatalisasi, saengga tembung ‘jare’ diwaca [jyare] ing basa Using. Saka pethikan kuwi panulis menahi pamawas marang pamaos gegambarane yen ing desa Lateng ora oleh ana gong sing digantung. Ngono iku amarga jarene wong tuwa-tuwa supaya ora kuwalat.

5) Purwakanthi Guru Sastra fonem /g/

a) Purwakanthi Guru Sastra Fonem /g/ Alofon [g]

Wujud purwakanthi guru sastra kang arupa fonem /g/ alofon [g] bisa kawawas kaya ing pethikan ngisor iki.

- (28) ...
Manòl-manòl gòlèt gawéan, nyèkèr hing nganggo sandhal.

Banyuwangi kòyò disirep wektu, hing ònò hang kurang.

(Jusuf, 2013:97)

Saka pethikan (28), tembung ‘golet’ lan ‘nganggo’ nuduhake purwakanthi guru sastra kang

nunggal fonem/g/ alofon [g]. Bisa kawawas manawa panulis nggunakake tembung kang nunggal swara /g/ alofon [g] kanggo ngandharake tembung kriya. Saka pethikan kuwi panulis menahi pamawas marang pamaos gegambarane nalika Nawi mulih nang omahe sawise teka Negara Landa. Miturut dheweke Banyuwangi isih tetep kaya disirep wektu, ora ana sing kurang masiya wis ditinggal pirangane taun.

b) Purwakanthi Guru Sastra fonem /g/ alofon [gy]

Wujud purwakanthi guru sastra kang arupa fonem /g/ alofon [gy] bisa kawawas kaya ing pethikan ngisor iki.

- (29) Marèk pesawat gadhug ring Ngurah Rai Dènpasar Bali.

Kisuké melaku, kari mung pirang jam sampèk Gilimanuk.

...

(Jusuf, 2013:97)

Saka pethikan (29), tembung ‘gadug’ nuduhake purwakanthi guru sastra kang nunggal fonem/g/ alofon [gy]. Swara fonem /g/ alofon [gy] uga minangka fonem kang ngalami proses fonologi palatalisasi, saengga tembung ‘gadug’ diwaca [gyadug] ing basa Using. Ing basa Jawa tembung ‘gadug’ nduweni teges ‘teka’. Saka pethikan kuwi panulis menahi pamawas marang pamaos gegambarane nalika Nawi wis tekan bandara Ngurah Rai Denpasar Bali sing tegese mung kari sedhilut maneh dheweke tekan omah.

6) Purwakanthi Guru Sastra Fonem /m/

a) Purwakanthi Guru Sastra fonem /m/ alofon [m]

Wujud purwakanthi guru sastra kang arupa fonem /m/ alofon [m] bisa kawawas kaya ing pethikan ngisor iki.

- (30) Rasané legò nòmòpò balesan tekò Inah.

Temuné magih percòyò gòk kabèh iku mung salah tòmòpò.

...

(Jusuf, 2013:93)

Adhedhasar pethikan (30), tembung kang nuduhake purwakanthi guru sastra kang nunggal fonem/m/ alofon [m] yaiku bisa kawawas ing tembung ‘nampa’, ‘temune’, ‘magih’, ‘mung’, lan ‘tampa’. Saka pethikan kuwi, pamilihe tetembungan kang nunggal fonem /m/ alofon [m] wis trep, yaiku bisa kawawas manawa saka pethikan iku panulis nggambarake kahanan kang nglegakake. Inah percaya yen Nawi ora nglakoni bab sing aneh-aneh nalika dheweke kuliyah ing luar negri.

b) Purwakanthi Guru Sastra fonem /m/ alofon [m]

Wujud purwakanthi guru sastra kang arupa fonem /m/ alofon [m] bisa kawawas kaya ing pethikan ngisor iki.

- (31) ...
Ndileng Ancòl, keròsò kòyò boom cumò nònò
gudhangé.
Sangking kangené, hang didileng yò mung
Banyuwangi.
(Jusuf, 2013:97)

Adhedhasar pethikan (31), tembung ‘*cuma*’ nuduhake purwakanthi guru sastra kang nunggal fonem/m/ alofon [m]. guru sastra fonem /m/ alofon [m] minangka swara kang nuwuhake rasa kaendahan lan rasa nges ing reriptane. Saka pethikan kuwi, nggambarake manawa Nawi mulih saka Negara Landa amarga masa *studi*-ne wis rampung. Dheweke numpak kapal mabur lan ndelok Ancol kaya boom sing ora ana gudhange.

c) Purwakanthi Guru Sastra Fonem /m/ Alofon [my]

Wujud purwakanthi guru sastra kang arupa fonem /m/ alofon [my] bisa kawawas kaya ing pethikan ngisor iki.

- (32) ...
Makené weruh wòng hang hun sir iku sòpò.
Hun wòcò hun bòlan balèni magih kòyò hing
percòyò.
(Jusuf, 2013:82)

Saka pethikan (32), tembung ‘*makene*’ nuduhake purwakanthi guru sastra kang nunggal fonem/m/ alofon [my]. Swara fonem /m/ alofon [my] uga minangka fonem kang ngalami proses fonologi palatalisasi, saengga tembung ‘*makene*’ diwaca [myakene] ing basa Using. Ing basa Jawa tembung ‘*makene*’ nduweni teges ‘*mulane*’. Saka pethikan kuwi panulis menehi pamawas marang pamaos gegambaran sejatine sing ana ing atine Nawi iku ya mung Inah.

7) Purwakanthi Guru Sastra fonem /n/

a) Purwakanthi Guru Sastra fonem /n/ alofon [n]

Wujud purwakanthi guru sastra kang arupa fonem /n/ alofon [n] bisa kawawas kaya ing pethikan ngisor iki.

- (33) ...
Hun wòcò maning, hun balèni èdhèng-èdhèng.
Nawi tah ònò hang salah ring isiné surat.
(Jusuf, 2013:67)

Adhedhasar pethikan (33), tembung ‘*hun*’, ‘*maning*’, ‘*baleni*’, ‘*nawi*’, lan ‘*isine*’ nuduhake purwakanthi guru swara fonem /n/ alofon [n]. Panulis nggunakake tetembungan kang nunggal swara fonem /n/ alofon [n] bisa nuwuh rasa pamantep, yaiku swara /n/ alofon [n] kasebut bisa nuduhake surasane Nawi nalika maca surate Inah. Diwaca alon-alon supaya ora ana sing kliwatan isi surate.

b) Purwakanthi Guru Sastra fonem /n/ alofon [n]

Wujud purwakanthi guru sastra kang arupa fonem /n/ alofon [n] bisa kawawas kaya ing pethikan ngisor iki.

- (34) ...
Cumpu wurung, nggawé ramé, enòm tuwèk jak
akèhan.
Pas dinò kemerdekaan Indonésia, dhèmò gedhi-
gedhian.
(Jusuf, 2013:73)

Adhedhasar pethikan (34), tembung ‘*dina*’ nuduhake purwakanthi guru sastra kang nunggal fonem/n/ alofon [n]. guru sastra fonem /n/ alofon [n] minangka swara kang nuwuhake rasa kaendahan lan rasa nges ing reriptane. Saka pethikan kuwi, panulis nggambarake pas dina kamardikan Indonesia, akeh wong turunane RMS (Republik Maluku Selatan) sing ana ing Landa padha dhemo gedhi-gedhian.

c. Purwakanthi Guru Sastra fonem /n/ alofon [ny]

Wujud purwakanthi guru sastra kang arupa fonem /n/ alofon [ny] bisa kawawas kaya ing pethikan ngisor iki.

- (35) Wayah dalu ambi ndileng sunaré ulan.
Lungguh jak lòròn ring pelataran.
...
(Jusuf, 2013:102)

Saka pethikan (35), tembung ‘*sunare*’ nuduhake purwakanthi guru sastra kang nunggal fonem/n/ alofon [ny]. Bisa kawawas manawa panulis nggunakake frase ‘*sunare ulan*’ kang nunggal swara /n/ alofon [ny] kanggo ngandharake kahanan wayah dalu. Swara fonem /n/ alofon [ny] uga minangka fonem kang ngalami proses fonologi palatalisasi, saengga tembung ‘*sunare*’ diwaca [sunarye] ing basa Using. Saka pethikan iki, panulis menehi pamawas marang pamaos yen ing pungkasane crita, Nawi karo Inah urip bareng wong loro.

8) Purwakanthi Guru Sastra fonem /ny/

a) Purwakanthi Guru Sastra fonem /ny/ alofon [ny]

Wujud purwakanthi guru sastra kang arupa fonem /ny/ alofon [ny] bisa kawawas kaya ing pethikan ngisor iki.

- (36) ...
Dhung magih tabel, iku arané kòyò ulò marani
penthung.
Penjògò masjid, Man Sadli, apan hing nyiwing,
nyerimpung.
(Jusuf, 2013:8)

Adhedhasar pethikan (36), tembung ‘*nyiwing*’ lan ‘*nyerimpung*’ nuduhake purwakanthi guru swara fonem /ny/ alofon [ny]. Panulisnggunakake tetembungan

kang nunggal swara fonem /ny/ alofon [ny] bisa nuwuh rasa pamantep kang mbangetake surasa. Panulis nggunakake tembung 'nyiwing' lan 'nyerimpung' nduweni tujuwan kanggo nggambarake manawa ing jaman cilikane Nawi, bocah sing nakal bakalan diciwing utawa disrimpung. Yen isih during bisa maca nanging tetep nakal padha wae kaya ula marani penthung.

b) Purwakanthi Guru Sastra fonem /ny/ alofon [nyy]

Wujud purwakanthi guru sastra kang arupa fonem /ny/ alofon [nyy] bisa kawawas kaya ing pethikan ngisor iki.

- (37) Menyang Singaraja liwat dalanan pinggir segòrò.
Pinggir-pinggiré akèh wòng nandur anggur cemeng.
(Jusuf, 2013:60)

Saka pethikan (37), tembung 'menyang' nuduhake purwakanthi guru sastra kang nunggal fonem/ny/ alofon [nyy]. Swara fonem /ny/alofon [nyy] uga minangka fonem kang ngalami proses fonologi palatalisasi, saengga tembung 'menyang' diwaca luwih abot dadi [menyyang] ing basa Using. Saka pethikan iki panulis menehi pamawas marang pamaos menawa Nawi menyang Singaraja Bali kanggo marani dulure liwat dalanan pinggir segara sing akeh wong nandur anggur ireng..

9) Purwakanthi Guru Sastra fonem /ng/

a) Purwakanthi Guru Sastra fonem /ng/ alofon [ng]

Wujud purwakanthi guru sastra kang arupa fonem /ng/ alofon [ng] bisa kawawas kaya ing pethikan ngisor iki.

- (38) Nung lemah akèh bòlòngan ring endi-endi.
Hang ròdò gedhi sak jempòlan biasané umah gangsir.
...
(Jusuf, 2013:12)

Adhedhasar pethikan (38), tembung 'nung', 'bolongan', 'ring', 'hang', lan 'gangsir' nuduhake purwakanthi guru swara fonem /ng/ alofon [ng]. Panulis nggunakake tetembungan kuwi amarga nduweni tujuwan kanggo nggambarake manawa bolongan img lemah sing rada gedhi iku biyasane isine gangsir. Gangsir yen bengi bisa ngesir ngetokake swara.

b) Purwakanthi Guru Sastra fonem /ng/ alofon [ng]

Wujud purwakanthi guru sastra kang arupa fonem /ng/ alofon [ng] bisa kawawas kaya ing pethikan ngisor iki.

- (39) Puòsòan kadhang main tembung bengi hang aran bola api.
Tembungé bòtò dibunderaken, dikum lengò gas ròng bengi.
...
(Jusuf, 2013:10)

Adhedhasar pethikan (39), tembung 'lenga' nuduhake purwakanthi guru sastra kang nunggal fonem/ng/ alofon [ng]. Guru sastra fonem /ng/ alofon [ng] minangka swara kang nuwuhake rasa kaendahan lan rasa nges ing riptane. Saka pethikan kuwi, nggambarake manawa bola api iku digawe saka bata dibunderake wujudé, banjur dikum lenga gas rong wengi.

c) Purwakanthi Guru Sastra fonem /ng/ alofon [ngy]

Wujud purwakanthi guru sastra kang arupa fonem /ng/ alofon [ngy] bisa kawawas kaya ing pethikan ngisor iki.

- (40) Inah tekò, klambi lengen dilinting, rambuté sak pundhak.
Ròdò gering, tapi magih ayu kòyò bengèn hun tinggal ngétan.
...
(Jusuf, 2013:69)

Saka pethikan (40), tembung 'bengen' nuduhake purwakanthi guru sastra kang nunggal fonem/ng/ alofon [ngy]. Bisa kawawas manawa panulis nggunakake tembung kang nunggal swara /ng/ alofon [ngy] kanggo ngandharake kahanan kang kedadayan. Swara fonem /ng/ alofon [ngy] uga minangka fonem kang ngalami proses fonologi palatalisasi, saengga tembung 'bengen' diwaca [bengyen] ing basa Using. Ing basa Jawa tembung 'bengen' padha kaya tembung 'biyen'. Saka pethikan kuwi panulis menehi pamawas marang pamaos gegambaran nalika Nawi ketemu Inah sawise ora ketemu pirangane taun. Inah tetep ayu masiya rada kuru.

10) Purwakanthi Guru Sastra fonem /r/

a) Purwakanthi Guru Sastra fonem /r/ alofon [r]

Wujud purwakanthi guru sastra kang arupa fonem /r/ alofon [r] bisa kawawas kaya ing pethikan ngisor iki.

- (41) Suraté Inah kòyò banyu nyumber ring tengah alas.
Marèk melaku adòh, gòròkan garing hing nemu banyu.
...
(Jusuf, 2013:65)

Adhedhasar pethikan (41), tembung 'nyumber', 'ring', 'marek', 'gorokan', lan 'garing' nuduhake purwakanthi guru swara fonem /r/ alofon [r]. Panulis nggunakake tetembungan kuwi amarga nduweni tujuwan kanggo nggambarake manawa surate Inah kaya tamba kanggone Nawi. Kaya banyu sing nyumber ing tengah alas.

b) Purwakanthi Guru Sastra fonem /r/ alofon [r]

Wujud purwakanthi guru sastra kang arupa fonem /r/ alofon [r] bisa kawawas kaya ing pethikan ngisor iki.

- (42) ...
Percòyò ambi niat apik rikò, mugò-mugòdadi
janji hang diridhò.
Hun jògò masiyò sepirò suwéné nak hun antèni.
(Jusuf, 2013:65)

Adhedhasar pethikan (42), tembung ‘*sepira*’ nuduhake purwakanthi guru sastra kang nunggal fonem /r/ alofon [r]. guru sastra fonem /r/ alofon [r] minangka swara kang nuwuhake rasa kaendahan lan rasa nges ing reriptane. Saka pethikan kuwi, panulis nggambarake manawa Nawu lan Inah ora preduli karo wektu sing misahake kekarone. Inah percaya yen niyat apike Nawu mesthi diridhoi.

c) Purwakanthi Guru Sastra fonem /r/ alofon [ry]

Wujud purwakanthi guru sastra kang arupa fonem /r/ alofon [ry] bisa kawawas kaya ing pethikan ngisor iki.

- (43) Jajané Wak Ròkak akeh, ònò lanun, lupis, lak-lak, ketan kirip.
Dibungkus gòdhong, diurapi kelòpò, diuwuri gulò Jòwò.
...
(Jusuf, 2013:31)

Saka pethikan (43), tembung ‘*diurapi*’ nuduhake purwakanthi guru sastra kang nunggal fonem /r/ alofon [ry]. Swara fonem /r/ alofon [ry] uga minangka fonem kang ngalami proses fonologi palatalisasi, saengga tembung ‘*diurapi*’ diwaca [diurapi] ing basa Using. Ing basa Jawa tembung ‘*diurapi*’ nduweni teges padha, amung cara ngucapake sing beda. Saka pethikan kuwi panulis menahi pamawas marang pamaos gegambaran jajan sing didol Wak Rokak akeh maceme, ana lanun, lupis, lak-lak, lan ketan kirip. Jajanan kuwi mau banjur dibungkus godhong gedhang, diurapi klapa, lan diuwuri gula Jawa nalika ana sing toko.

11) Purwakanthi Guru Sastra fonem /l/

a) Purwakanthi Guru Sastra fonem /l/ alofon [l]

Wujud purwakanthi guru sastra kang arupa fonem /l/ alofon [l] bisa kawawas kaya ing pethikan ngisor iki.

- (44) Jajang tulup lencir dhuwur, yò dienggo nulup mulané.
Peluruné kacang ijo, disimpen ring cangkem bek idu.
...
(Jusuf, 2013:12)

Adhedhasar pethikan (44), tembung ‘*tulup*’, ‘*alat*’, ‘*palesan*’, ‘*dipilih*’, lan ‘*mlengkung*’ nuduhake purwakanthi guru sastra fonem /l/ alofon [l]. Saka pethikan ing ndhuwur, panulis menahi pamawas marang

pamaos yen jamane Nawu ish bocah dheweke dolanan jajang utawa pring kanggo tulup-tulupan sing plurune nganggo kacang ijo. Pluru kacang ijo kasebut disimpen ing njero cangkem sadurunge ditulupake.

b) Purwakanthi Guru Sastra fonem /l/ alofon [l]

Wujud purwakanthi guru sastra kang arupa fonem /l/ alofon [l] bisa kawawas kaya ing pethikan ngisor iki.

- (45) ...
Òmplòng disumet, ati-ati bisò mencelat hing kakaruan.
Mulò nyumete kudu ambi jajang dòwò hing kathik mareg.
(Jusuf, 2013:7)

Adhedhasar pethikan (45), tembung ‘*mula*’ nuduhake purwakanthi guru sastra kang nunggal fonem /l/ alofon [l]. Guru sastra fonem /l/ alofon [l] minangka swara kang nuwuhake rasa kaendahan lan rasa nges ing reriptane. Saka pethikan kuwi, nggambarake manawa Nawu uga seneng dolanan mercon. Akeh jinise mercon sing dienggo Nawu dolanan. Mercon saka omplong nyumete kudu nggawe pring dawa amarga bisa mencelat lan mbebayani sing dolanan.

c) Purwakanthi Guru Sastra fonem /l/ alofon [ly]

Wujud purwakanthi guru sastra kang arupa fonem /l/ alofon [ly] bisa kawawas kaya ing pethikan ngisor iki.

- (46) ...
Panggòn pèntas seni budaya, lan acara final pertandhingan.
Pòli, nyanyi, pilem, téater, angklung, kuntulan, gandrung.
(Jusuf, 2013:4)

Saka pethikan (46), tembung ‘*kuntulan*’ nuduhake purwakanthi guru sastra kang nunggal fonem /l/ alofon [ly]. Swara fonem /l/ alofon [ly] uga minangka fonem kang ngalami proses fonologi palatalisasi, saengga tembung ‘*kuntulan*’ diwaca [kuntulyan] ing basa Using. Saka pethikan ing ndhuwur, panulis menahi pamawas marang pamaos ngenani kesenian apa wae sing bisa tampil ing Gesibu Blambangan. Salah sijine yaiku kuntulan. Kuntulan yaiku jenenge kesenian tradhisional Banyuwangi kang pirantine *rebana* lan gamelan kesenian dhaerah Banyuwangi, lan ana wong sing nari.

12) Purwakanthi Guru Sastra fonem /w/

a) Purwakanthi Guru Sastra fonem /w/ alofon [w]

Wujud purwakanthi guru sastra kang arupa fonem /w/ alofon [w] bisa kawawas kaya ing pethikan ngisor iki.

(47) Wayah udan énak diajak kòncò nang kebònan sawiné.
Njabut sawi rông wit, wis cukup dienggo sak bakaran.
...
(Jusuf, 2013:6)

Adhedhasar pethikan (47), tembung ‘wayah’, ‘sawi’, ‘wis’, lan ‘wit’ nuduhake purwakanthi guru swara fonem /w/ alofon [w]. Saka pethikan kuwi panulis menehi pamawas marang pamaos Nawu udan yen ora udan-udanan, dheweke mbakar sawi karo kanca-kancame. Sawi rong wit saka kebonan kancane wis cukup dienggo sak bakaran.

b) Purwakanthi Guru Sastra fonem /w/ alofon [w]

Wujud purwakanthi guru sastra kang arupa fonem /w/ alofon [w] bisa kawawas kaya ing pethikan ngisor iki.
(48)...

Laré akèh ulò-ulòan, selòdòr bisò milu laré wòlu.
Hing ònò lemah garing, wayah udan magih bisò memengan.
(Jusuf, 2013:3)

Adhedhasar pethikan (48), tembung ‘wolu’ nuduhake purwakanthi guru sastra kang nunggal fonem /w/ alofon [w]. Guru sastra fonem /w/ alofon [w] minangka swara kang nuwuhake rasa kaendahan lan rasa nges ing reriptane. Saka pethikan kuwi, nggambarake manawa sing bisa dolanan selodor bocah wolu. Selodor yaiku sawijine jinis dolanan bocah-bocah (Ali, 1995:375). Papan panggonan selodor ana ing lemah utawa pelataran.

c) Purwakanthi Guru Sastra fonem /w/ alofon [wy]

Wujud purwakanthi guru sastra kang arupa fonem /w/ alofon [wy] bisa kawawas kaya ing pethikan ngisor iki.

(49) Ònò pisan kòncò hang digawani segò.
Hing kathik jangan iwaké krupuk klèthèk.
...
(Jusuf, 2013:25)

Saka pethikan (49), tembung ‘iwake’ nuduhake purwakanthi guru sastra kang nunggal fonem/w/ alofon [wy]. Swara fonem /w/ alofon [wy] minangka fonem kang uga ngalami proses fonologi palatalisasi, saengga tembung ‘iwake’ diwaca [iwyake] ing basa Using. Ing pethikan kuwi panulis nggambarake nalika jaman sekolah Nawu digawani bontrot. Ana kancane sing mung digawani sega lan lawuhe mung krupuk klethek, ora nganggo iwak.

13) Purwakanthi Guru Sastra fonem /y/

a) Purwakanthi Guru Sastra fonem /y/ alofon [y]

Wujud purwakanthi guru sastra kang arupa fonem /y/ alofon [y] bisa kawawas kaya ing pethikan ngisor iki.

(50) Masiyò wis ònò balesan kabar tekò Inah.
Sepréné rasané atinisin magih keròntò-ròntò.
...
(Jusuf, 2013:87)

Adhedhasar pethikan (50), tembung ‘masiya’ nuduhake purwakanthi guru swara fonem /y/ alofon [y]. Panulis nggunakake tetembungan kuwi amarga nduweni tujuwan kanggo nggambarake manawa atine Nawu isih keranta-ranta masiya wis maca surate Inah. Nawu isih during biyasa ing negarane wong lan adoh saka sisihan atine yaiku Inah.

b) Purwakanthi Guru Sastra fonem /y/ alofon [y]

Wujud purwakanthi guru sastra kang arupa fonem /y/ alofon [y] bisa kawawas kaya ing pethikan ngisor iki.

(51) Layangan anèh yòrò sak pinteré hang gawé, sak ònòne kréasi.
Ònò Gathòt Kòcò miber ambi selèndhangé, ònò kapal api.
...
(Jusuf, 2013:39)

Adhedhasar pethikan (51), tembung ‘yara’ nuduhake purwakanthi guru sastra kang nunggal fonem /y/ alofon [y]. Guru sastra fonem /y/ alofon [y] minangka swara kang nuwuhake rasa kaendahan lan rasa nges ing reriptane. Saka pethikan kuwi, nggambarake maneka warnane jinis layangan. Ana layangan Gathot Kaca, ana kapal api, sakpintere sing nggawe kreasine.

c) Purwakanthi Guru Sastra fonem /y/ alofon [yy]

Wujud purwakanthi guru sastra kang arupa fonem /y/ alofon [yy] bisa kawawas kaya ing pethikan ngisor iki.

(52) ...
Damèn dicampur uyah, makené sapi rahap mangan.
Ònò lebihé, diòbòng ring sawah, makené kedhòkané subur.
(Jusuf, 2013:20)

Saka pethikan (52), tembung ‘uyah’ nuduhake purwakanthi guru sastra kang nunggal fonem/y/ alofon [yy]. Swara fonem /y/ alofon [yy] minangka swara kang duwe surasa abot lan dawa. Bisa kawawas manawa panulis nggunakake tembung kang nunggal swara /y/ alofon [yy] kanggo ngandharake kahanan kang kedadeyan. Swara fonem /y/ alofon [yy] uga minangka fonem kang ngalami proses fonologi palatalisasi, saengga tembung ‘uyah’ diwaca [uyyah] ing basa Using. Saka pethikan kuwi panulis menehi pamawas marang pamaos menawa yen damen sisane pari iku ana gunane. Damèn bisa dienggo makani sawi kanthi damen iku mau

dicampur uyah supaya sapi mangane rahap. Saliyane kuwi damen uga bisa kanggo nyuburake tetanduran.

14) Purwakanthi Guru Sastra fonem /h/

a) Purwakanthi Guru Sastra fonem /h/ alofon [h]

Wujud purwakanthi guru sastra kang arupa fonem /h/ alofon [h] bisa kawawas kaya ing pethikan ngisor iki.

(53)...

Hun wòcò maning, hun balèni èdhèng-èdhèng.
Nawi tah ònò hang salah ring isiné surat.
(Jusuf, 2013:67)

Adhedhasar pethikan (53), tembung 'hun', 'hang', 'tah', lan 'salah' nuduhake purwakanthi guru swara fonem /h/ alofon [h]. Panulis nggunakake tetembungan kuwi amarganduweni tujuwan kanggo nggambarake manawa surate Inah diwaca Nawi kaping bolak-balik supaya ora ana sing salah utawa kliwatan.

15) Purwakanthi Guru Sastra fonem /k/

Guru sastra fonem /k/ mung nduweni sak alofon, yaiku guru sastra fonem /k/ alofon [k].

a) Purwakanthi Guru Sastra fonem /k/ alofon [k]

Wujud purwakanthi guru sastra kang arupa fonem /k/ alofon [k] bisa kawawas kaya ing pethikan ngisor iki.

(54) Pamitan apak emak sedhilut, kudu balik maning nung Bali.
Sedinò ròng dinò, kabèh surat-surat kudu hun urusi.
...
(Jusuf, 2013:69)

Adhedhasar pethikan (54), tembung 'apak', 'emak', 'kudu', 'balik', lan 'kabèh' nuduhake purwakanthi guru swara fonem /k/ alofon [k]. Panulis nggunakake tetembungan kuwi amarga nduweni tujuwan kanggo nggambarake manawa Nawi ngurusi surat-surate sing dibutuhake kanggo kuliyah ing Landa.

16) Purwakanthi Guru Sastra Fonem /p/

a) Purwakanthi Guru Sastra Fonem /p/ Alofon [p]

Wujud purwakanthi guru sastra kang arupa fonem /p/ alofon [p] bisa kawawas kaya ing pethikan ngisor iki.

(55)...

Wòng pantomimé api-api dadi patung ngadeg hing obah.
Sak awaké, tòpiné, klambiné dicèt pòdhò kabèh kari betah.
(Jusuf, 2013:71)

Adhedhasar pethikan (55), tembung 'pantomime', 'api-api', 'patung', 'topine', lan 'padha' nuduhake purwakanthi guru swara fonem /p/ alofon [p].

Panulis nggunakake tetembungan kuwi amarganduweni tujuwan kanggo nggambarake wong sing pantomime ing Landa kana kabeh sak awak, klambi, sepatu, clana, lan topine dicèt padha wernane.

17) Purwakanthi Guru Sastra Fonem /t/

a) Purwakanthi Guru Sastra Fonem /t/ Alofon [t]

Wujud purwakanthi guru sastra kang arupa fonem /t/ alofon [t] bisa kawawas kaya ing pethikan ngisor iki.

(56) Tambah suwi, isun tambah sering mòtò walangen temenan.
Sònggò uang hing keròsò mòtò hing ndileng paran-paran.
...
(Jusuf, 2013:95)

Adhedhasar pethikan (56), tembung 'tambah', 'mata' lan 'temenan' nuduhake purwakanthi guru swara fonem /t/ alofon [t]. Panulis nggunakake tetembungan kuwi amarga nduweni tujuwan kanggo nggambarake kahanane Nawi sing tambah asring mata walangen amarga dheweke kepikiran Inah.

18) Purwakanthi Guru Sastra Fonem /s/

a) Purwakanthi Guru Sastra Fonem /s/ Alofon [s]

Wujud purwakanthi guru sastra kang arupa fonem /s/ alofon [s] bisa kawawas kaya ing pethikan ngisor iki.

(57) ...
Suwi-suwi julukan nung Amérika dadi Yankees.
Sebutan hang sakjané artiné yò wòng Lòndò.
(Jusuf, 2013:73)

Adhedhasar pethikan (57), tembung 'suwi', 'sakjane', lan 'sebutan' nuduhake purwakanthi guru swara fonem /s/ alofon [s]. Panulis nggunakake tetembungan kuwi amarga nduweni tujuwan kanggo nggambarake katrangan wektu. Suwe-suwe sesebutan nang Amerika dadi Yankes. Sebutan sing sakte mene tegese ya wong Landa.

19) Purwakanthi Guru Sastra Fonem /th/

a) Purwakanthi Guru Sastra Fonem /th/ Alofon [th]

Wujud purwakanthi guru sastra kang arupa fonem /h/ alofon [ly] bisa kawawas kaya ing pethikan ngisor iki.

(58)...

Mung iki dalan mburi makené Apaké bisò hun yakinaken.
Mergò lawang ngarep hang hun thòthòk hing dibukakaken.
(Jusuf, 2013:94)

Adhedhasar pethikan (58), tembung 'thothok' ing ukara 'merga lawang ngarep sing tak thothok hing

dibukakaken’ nuduhake purwakanthi guru swara fonem /th/ alofon [th]. Panulis nggunakake tembung kuwi amarganduweni tujuwan kanggo nuduhake tembung kriya, yaiku nawi nothok omahe Inah. Nothok ing kene tegese Nawi nglaksanakake tradhisi mlayokaken supaya bapake Inah bisa aweh restu.

e. Rima Pungkasan (*Rima Akhir*)

Rima Pungkasan yaiku wujud swara kang padha, kang dipungkasi nganggo aksara swara ing sajrone gatra kang beda nanging runtut. Tujuwane nggunakake rima yaiku supaya unsur basa kang digunakake luwih bisa dirasakake lan menehi unsur kaendahan lan bisa luwih nggambarake kahanan lan rasa pangrasane panulis kang diandharake ing sajrone lirik carita.

1) Rima Berangkai

Rima *berangkai* yaiku swara kang padha saben pungkasan gatra. Wujud rima *berangkai* ing lirik carita *NAWI BKL INAH* bisa kawawas kaya ing pethikan ngisor iki.

- (59) Mung temungkul, hing sanggup mandheg isun nung sebelahé.
Hing ònò suòròné hang biso nyanyi, hing kewetu òmòngané.
Hang kerungu mung suòrò mbesesegen, Inah nahan tangisé.
Yané kòyò kepingin meluk, arep nggandhòli isun saklawasé.
Isun hing tegò ndileng gandhòlan ati kilangan pidekan sikilé.
Gusti mugiyò hing ònò kedadenan paran-paran ambi yané.
(Jusuf, 2013: 69).

Adhedhasar pethikan (59) bisa kawawas manawa ing pada kasebut nuduhake rima *berangkai* kang nunggal swara fonem /e/ alofon [E] ing pungkasan gatra, yaiku ing tembung ‘*sandhinge*’, ‘*omongane*’, ‘*tangise*’, ‘*lawase*’, ‘*sikile*’, lan ‘*dheweke*’. Pamilihe tetembungan kang mujudake rima ing pethikan kuwi, bisa nuwuhake rasa nges lan pamantep kanggo nuduhake rasa abote ngeculake wong sing ditresnani lunga adoh. Panulis nggunakake tembung ‘*sandhinge*’ ing pethikan kuwi nduweni tegese ing sisihe, dene tembung ‘*sikile*’ nduweni teges yen Nawi ora gelem Inah kelangan pidekankane yaiku wong sing ditresnani. Saka pethikan kuwi, panulis menehi pamawas marang pamaos manawa Nawi sakjane ora tega ninggal Inah ing tanah Jawa, nanging amarga dheweke mikir ngenani masa dhepane karo Inah, Nawi tetep budhal.

2) Rima Berselang

Rima *berselang* yaiku swara kang padha ing pungkasan gatra kang ganjil lan pungkasan gatra kang genep. Wujud rima *berselang* ing lirik carita *NAWI BKL INAH* bisa kawawas kaya ing pethikan ngisor iki.

- (60) Wis ròdò suwi kepingin ngòmòng nung laréné.
Òmòngan kesandhet ring gòròkan hing bisò kewetu.
Hun tulis baén ring kertas putih hun selipnò ring bukuné.
Diterimò apik, ditudhungò atinisun yò hing tatu.
(Jusuf, 2013:49)

Adhedhasar pethikan (60) nuduhake rima *berselang*. Bisa kawawas manawa tembung ‘*larene*’, lan ‘*bukune*’ nunggal swara fonem /e/ alofon [e] ing pungkasan gatra ganjil, dene tembung ‘*kewetu*’ lan ‘*tatu*’ nunggal swara fonem /u/ alofon [u] ing pungkasan gatra genep. Pamilihe tetembungan kang mujudake rima ing pethikan kuwi, bisa nuwuhake rasa nges kanggo nuduhake pangrasane wong kang nandang kangen. Saka pethikan kuwi, panulis menehi pamawas marang pamaos ngenani Nawi sing lagi bingung kepriye ngomong yen dheweke tresna marang Inah.

3) Rima Berpasangan

Rima *berpasangan* yaiku swara kang padha ing pungkasan gatra kang kapisan karo pungkasan swara ing gatra kang kapindho lan pungkasan swara gatra kang katelu padha karo pungkasan swara ing gatra kang kapapat.

Wujud rima *berpasangan* ing lirik carita *NAWI BKL INAH* bisa kawawas kaya ing pethikan ngisor iki.

- (61) Inah dadi juara keloro sak mariné melbu babak final.
Isun seru girangé ambi kòncò-kòncò milu kincal-kincal.
Hun antèni Inah nerimò piala, terus mudhun panggung.
Ati keròsò mòngkòg rasané dhòdhò ròdò mbelendhung.
(Jusuf, 2013:55)

Adhedhasar pethikan (61) nuduhake rima *berpasangan* kang bisa kawawas manawa ing tembung ‘*final*’ lan ‘*kincal*’ nunggal swara fonem /l/ ing pungkasan gatra kapisan lan kapindho, dene tembung ‘*panggung*’ lan ‘*mbelendhung*’ nunggal swara fonem /ng/ ing pungkasan gatra katelu lan kapapat. Pamilihe tetembungan kang mujudake rima ing pethikan kuwi, nuwuhake rasa nges kanggo ngandharake rasa seneng lan bungah. Saka pethikan kasebut, panulis menehi pamawas marang pamaos manawa Inah dadi juwara kaloro lan Nawi melu bungah banget atine.

f. Tembung Rangkep

Tembung rangkep (*reduplikasi*) yaiku *proses morfemis* kang ngambali wujud dhasar utawa perangane wujud dhasar kasebut. Tembung rangkep (*reduplikasi*) ing basa Jawa cacahé ana telu, yaiku *dwilingga*, *dwipurwa*, lan *dwiwasana*. Ing lirik carita *NAWI BKL INAH* anggitane Antariksawan Jusuf lan Hani Z. Noor bisa kawawas kaya ing pethikan ngisor iki.

1) Dwilingga

Dwilingga yaiku tembung lingga kang dirangkep. Parangkepe tembung lingga iki ana kang karangkep wutuh lan ana kang karangkep mawa owah-owahan swara.

a) Dwilingga Wutuh

Dwilingga wutuh yaiku tembung lingga kang karangkep wutuh tanpa ana owah-owahan apa-apa. Tembung lingga kang dirangkep padatan ngemu teges (a) akeh (*pluralitas*), (b) mbangetake surasa (*penekanan*), (c) sanadyan (*pengandaian*), lan /utawa (d) tansah utawa bola-bali (*kebiasaan*).

Wujud tembung dwilingga wutuh ing lirik carita *NAWI BKL INAH* bisa kawawas kaya ing pethikan ngisor iki.

(62) ...
Bisòné mung mangu-mangu ring ambal-ambalan.
Ndileng kancané sirat-siratan banyu udan, getem-getem.
...
(Jusuf, 2013:6)

Pethikan (62), tembung '*getem-getem*' kalebu tembung dwilingga wutuh. Tembung '*getem-getem*' kadadeyan saka tembung lingga '*getem*'. Saka pethikan kuwi, tembung '*getem-getem*' nduweni teges '*gregeten banget*'. Saka pethikan kuwi, panulis nggambarake kahanane Nawi gregeten banget ndelok kanca-kancane udan-udanan. Nawi ora bisa melu udan-udanan amarga awake lara.

Adhedhasar pethikan (131), tembung '*mati-mati*' kalebu tembung dwilingga wutuh. Tembung '*mati-mati*' ing pethikan kuwi kadadeyan saka tembung lingga '*mati*'. Ing pethikan kuwi, tembung '*mati-mati*' nduweni teges '*ora mati-mati*'. Saka pethikan kuwi, panulis nggambarake sawijine dolanan sing jenenge bola api. Bola api saka bata kang dikum lenga gas angel matine sawise disumeti geni.

2) Dwipurwa

Dwipurwa yaiku tembung kang dumadi saka pangrangkepe purwane tembung lingga utawa pangrangkepe wanda kawitane tembung (Sasangka, 2011:97). Tembung dwipurwa ing lirik carita *NAWI BKL INAH* anggitane Antariksawan Jusuf lan Hani Z. Noor bisa kawawas kaya ing pethikan ngisor iki.

(63) Kòlò-kòlò dijak laré wadòn menganan dòdòl-dòdòlan.
Lengò kletik digawé tekò gòdhòng waru, diremeti tangan.
Kenthel kòyò lengò, gòdhòng remetan disaring sapatangan.
Wis bersih, dicinhungi kòyò wòng dòdòl lengò temenan.

(Jusuf, 2013:29)

Pethikan (63), tembung '*temenan*' kalebu tembung dwipurwa. Tembung '*temenan*' kadadeyan saka tembung lingga '*tenan*' kang oleh panambang [-an], dening tembung '*temenan*' nduweni tegese '*tenan banget*'. Saka pethikan kuwi, nggambarake manawa lenga kletik sing digawe saka remetan godhong waru iku kaya temenan wujud. Dolanan dodol-dodolan kanggone bocah cilik bisa marakake dheweke guyub rukun karo kanca-kancane.

g. Tembung Camboran (*Pemajemukan*)

Tembung camboran utawa kata majemuk (*kompositum*) yaiku tembung loro utawa luwih kang digandheng dadi siji lan tembung mau dadi tembung anyar kang tegese uga melu anyar.

Wujud tembung camboran ing lirik carita *NAWI BKL INAH* anggitane Antariksawan Jusuf lan Hani Z. Noor bisa kawawas kaya ing pethikan ngisor iki.

(64) ...
Saiki dienggo tembung, kesuk dienggo poli jak akehan.
Poli kampung, hang net e teka 'rumput jepang' sambungan.
(Jusuf, 2013 :4)

Pethikan (64), tembung '*rumput jepang*' nuduhake tembung camboran kang tegese '*tali*'. Tembung '*rumput jepang*' manawa diudal saka tembung '*rumput*' kang tegese '*suket*' lan tembung '*jepang*' kang tegese '*negara Jepang*'.

h. Antonim (*Kosok Balen*)

Antonim yaiku tembung, *frase*, utawa ukara kang nduwe teges walikan karo tembung, *frase*, utawa ukara liyane (Sasangka, 2011:205). Wujud antonim kang ana ing sajrone lirik carita *NAWI BKL INAH* anggitane Antariksawan Jusuf lan Hani Z. Noor kaya pethikan ing ngisor iki.

(65) ...
Segara hang ndrawasi, nguripi, mateni, wayah raina peteng.
Gunung subur, sumbere banyu mili, ono Ijen, ono Raung.
(Jusuf, 2013:2)

Adhedhasar pethikan (65) tembung '*nguripi*' nduweni antonim tembung '*mateni*'. Saka pethikan kuwi, panulis nggambarake kahanane Banyuwangi. Diuripi lan dipateni tegese segara diupamakake kaya lampu sing nerangi kutha Banyuwangi nalika srengenge njumbul ing brang wetan lan klelep ing brang kulon.

i. Hiponim

Hiponim yaiku tembung kang tegese kaanggep dadi perangané tembung liya, utawa surasane tembung iku ana ing panguasane tembung liya (Sasangka, 2011:211).

Wujud hiponim kang ana ing sajronelirik carita *NAWI BKL INAH* kaya pethikan ing ngisor iki.

- (66) Sekolah kadhang kedayohan lalare SD teko Bali.
Tugas dibagi ana hang nggowo keloso, bantal tah guling.
...
(Jusuf, 2013:22)

Pethikan (66), tembung *'kelasa'*, *'bantal'*, lan *'guling'* yaiku hiponim saka tembung *'samubarang kanggo turu'*. Saka tetembungan kang kalebu ing perangané hiponim *'samubarang kanggo turu'* nuduhake manawa panulis nggambarakepiranti apa wae sing digawa nalika ana dhayoh saka sekolah adoh lan nginep ing sekolanane Nawi.

j. Makna Denotatif

Tembung kang ngemu teges denotatif padatan surasane lugas utawa blaka suta, surasane apa anane, lan ora ngemu teges sanepan utawa isbat (Sasangka, 2011:217).

Wujud makna *denotatif* ing sajrone lirik carita *NAWI BKL INAH* bisa kawawas kaya ing pathikan ngisor iki.

- (67) Ring sekolahan, lalaré tau prètès meléncur sak kelas.
Mulih sulungan gòlèt rujak nung pareg stasiun lawas.
Protes poalé kelas IPA diwani pelajaran Èkonomi.
Diuwèl kepala sekolahan pòdò temungkul hing ònò muni.
(Jusuf, 2013:55)

Adhedhasar pethikan (67), nggambarake manawa panulis nuduhake Nawi lan kanca-kancane tau mbolos amarga kelas IPA diwenehi pelajaran Èkonomi sing sejating pelajarane bocah ing kelas IPS. Dheweke lan kanca-kancane metu saka kelas dhisikan, ora nganti kelas buyar. Banjur dheweke lan kanca-kancane diseneni karo kepala sekolah.

k. Makna Konotatif

Makna konotatif nuduhake manawa surasane tembung utawa surasane *frase* iku ora kaya ana ing tembung utawa *frase* kasebut, nanging ana teges liya utawa surasa liya kang melu nempel ing tembung utawa *frase* iku (Sasangka, 2011:218).

Makna konotasi ing sajrone lirik carita *NAWI BKL INAH* bisa disawang ing pethikan ngisor iki.

- (68) Sepréné isun wis kenal ambi Inah, kembang Biskalan.

Kòyòné laréné magih dhèwèk, durung duwé sir-siran.

...
(Jusuf, 2013:48)

Adhedhasar pethikan (68) bisa kawawas manawa tembung *'kembang Biskalan'* ing pethikan kuwi nduweni teges konotasi *'wong kang ayu rupane ing desa Biskalan'*. Saka pethikan kuwi, panulis nggambarake wong kang rupane ayu, yaiku Inah.

2. Lelewane Basa (Gaya Bahasa)

Lelewane basa (*gaya bahasa*) yaiku cara khase panulis kanggo mandharake pikiran lan pangrasane nalika ngripta. Saka lelewane basa iku, *style* panulis bisa dimangerteni. Lelewane basa (*gaya bahasa*) uga nuwuhake *efek* tartamtu sajrone lirik carita, saengga nuwuhake *daya imajinasi* pamaos kanggo mbayangake kahanan kang ana ing sajrone lirik carita. Ing kene bakal njlentrehake *style (gaya basa)* sajrone lirik carita *NAWI BKL INAH* anggitane Antariksawan Jusuf lan Hani Z. Noor.

a. Basa Asindenton

Basa Asindenton yaiku basa kang negesake samubarang kanthi njlentrehake tetembungan kang urut tanpa nggunakake tembung pangiket. Wujud panganggone basa Asindenton ing sajrone lirik carita *NAWI BKL INAH* anggitane Antariksawan Jusuf lan Hani Z. Noor bisa kawawas kaya ing pethikan ngisor iki.

- (69) Udan, ngothak seluar, kelambi, mbangkang udan-udanan.

Udan deres bòrò énak, akèh banyu dienggo sirat-siratan.

Ngeruk lemah, ngeruk pasir, dienggo bentuk-bentukan.

...
(Jusuf, 2013:5)

Adhedhasar pethikan ing dhuwur katon anane lelewane basa Asindenton. Pethikan (69), ukara *'Udan, ngothak seluar, kelambi, mbangkang udan-udanan. Udan deres bara enak, akeh banyu dienggo sirat-siratan. Ngeruk lemah, ngeruk pasir, dienggo bentuk-bentukan.'* nuduhake basa Asindenton. Ukara kasebut bisa diarani nggunakake basa Asindenton amarga ing ukara siji lan sabanjure ora nggunakake tembung pangiket utawa *penghubung*. Ing pethikan ukara kasebut, panulis menahi pamawas marang pamaos manawa yen wayahe udan enak dienggo udan-udanan. Kanggone bocah cilik yen wis krungu udan, banjur ndang-ndang mbukak klambi lan metu saka omah udan-udanan. Saliyane dolanan banyu udan kanggo sirat-siratan, bocah cilik uga bisa dolanan ngeruk lemah.

b. Basa Pleonasme

Basa Pleonasme yaiku basa kang digunakake kanggo nguntabake tetembungan kang ora diperlukake luwih akeh tinimbang sawijine pamikiran. Wujud

panganggone basa Pleonasme ing sajrone lirik carita *NAWI BKL INAH* anggitané Antariksawan Jusuf lan Hani Z. Noor bisa kawawas kaya ing pethikan ngisor iki.

- (70) Marèk temencògan tekò pager wesi, sandal loro dienggo gol.
Sut sulung, kalah ngothak kaòsé, menang milih panggoné.
...

(Jusuf, 2013:3)

Adhedhasar pethikan ing dhuwur katon anane lelewane basa (gaya basa) Pleonasme. Pethikan (70), ukara '*Marek temencogan teka pager wesi, sandal loro dienggo gol*' nuduhake basa Pleonasme. Ing ukara kasebut, tembung '*sandhal loro*' minangka tembung sing wis pasti. Sing jenengsandhal wis mesthi loro utawa sak pasang. Saka pethikan ukara kasebut, panulis menèhi pamawas marang pamaos manawa sakwisa pencolotan liwat pager, Nawi lan kanca-kancane bal-balan.

c. Basa Repetisi

Basa Repetisi yaiku sawijine jinis lelewane basa kang mbaleni tembung sajrone ukara kanthi bola-bali supaya nambahi paneges marang sawijine tembung. Wujud panganggone basa Repetisi ing sajrone lirik carita *NAWI BKL INAH* anggitané Antariksawan Jusuf lan Hani Z. Noor bisa kawawas kaya ing pethikan ngisor iki.

- (71) Main tembung sing tau ndileng papan panggonan.
Ring gang, ring lurung, ring lataré sekòlahan, ring taman.
...

(Jusuf, 2013:3)

Adhedhasar pethikan ing dhuwur katon anane lelewane basa (gaya basa) Repetisi. Pethikan (71), ukara '*Ring gang, ring lurung, ring latare sekolahan, ring taman.*' nuduhake basa Repetisi. Saka ukara kasebut, tembung '*ring*' minangka tembung kang ajeg diambali. Ing pethikan ukara kasebut, panulis menèhi pamawas marang pamaos manawa jaman cilikane Nawi, bocah-bocah bisa dolanan ing endi-endi. Bisa dolanan nang gang, nang latare sekolah, utawa ing dalanan amarga jaman biyen durung akeh kendharaan. Beda karo jaman saiki, bocah-bocah wiwit cilik wis dicekeli *gadget*. Mulane jaman saiki arang bocah sing gumbulan karo kancane, utamane bocah ing kutha gedhe.

d. Basa Tautologi

Basa Tautologi *iperulangan* tembung, kelompok tembung utawa sinonim sing kadhang ora diperlokake. Wujud panganggone basa Tautologi ing sajrone lirik carita *NAWI BKL INAH* anggitané Antariksawan Jusuf lan Hani Z. Noor bisa kawawas kaya ing pethikan ngisor iki.

- (72) Marèk tembung, rambut kelumus kepus keringet.

Kaos kebles, ngantèni garing lungguh-lungguhan ring suket.

...

(Jusuf, 2013:4)

Adhedhasar pethikan ing dhuwur katon anane lelewane basa (gaya basa) Tautologi. Pethikan (72), ukara '*Marek tembung, rambut kelumus kepus keringet*' nuduhake basa Tautologi. Saka ukara kasebut, tembung '*kelumus kepus keringet*' minangka frasa kang nduweni teges teles banget. Saka ukara kasebut, panulis menèhi pamawas marang pamaos menawa sawise dolanan, rambut bisa teles banget amarga akehe kringet.

e. Basa Simile

Simile yaiku *superbanding* kang asipat *eksplisit*. Tegese *eksplisit* yaiku langsung nyatakake samubarang karo samubarang liyane kang nduweni sipat padha. Kanggo nyatakake sipat *eksplisit* dibutuhake tembung kaya, padha, lsp. Wujud panganggone basa Simile ing sajrone lirik carita *NAWI BKL INAH* anggitané Antariksawan Jusuf lan Hani Z. Noor bisa kawawas kaya ing pethikan ngisor iki.

- (73) ...
Ndileng kancané sirat-siratan banyu udan, getem-getem.
Awak ngelépruk kòyò pitik kadhemen, tangan nyekethem.
(Jusuf, 2013:6)

Adhedhasar pethikan ing dhuwur katon anane lelewane basa (gaya basa) simile. Pethikan (73), ukara '*Awak ngelepruk kaya pitik kadhemen, tangan nyekethem*' nuduhake basa Simile. Saka ukara kasebut, klausa '*awak ngelepruk kaya pitik kadhemen*' nduweni teges awak sing kadhemen banget nganti kaya pitik kadhemen. Frasa '*kaya pitik*' nuduhake basa Simile amarga nggunakake tembung '*kaya*'. Ing pethikan ukara kasebut, panulis menèhi pamawas marang pamaos yen awake Nawi lagi lara, dheweke kadhemen banget.

f. Basa Personifikasi

Basa Personifikasi yaiku sawijine lelewane basa pambandhing kang mbandhingake anane samubarang kang mati dadi kaya-kaya urip amarga tata runtuting tetembungan kaiket karo sesipating manungsa. Wujud panganggone basa Personifikasi ing sajrone lirik carita *NAWI BKL INAH* anggitané Antariksawan Jusuf lan Hani Z. Noor bisa kawawas kaya ing pethikan ngisor iki.

- (74) ...
Suòròklòmpen kemelethak tekò kadòhan kòyò gendhingan.
Cumpu santri Lateng maukò, sertò pareg, langsung bubarana.
(Jusuf, 2013:24)

Pethikan (74), ukara ‘*Suara klompen kemelethak teka kadohan kaya gendhingan*’ nuduhake basa personifikasi. Bisa kawawas manawa tembung ‘*gendhingan*’ minangka tembung kriya kang nduweni teges minangka nggambarake solah bawane lambe, kang nuduhake kahanane manungsa manawa lagi ngetokake swara saka *pita suara*. Saka pethikan ukara kuwi, tembung ‘*klompen*’ diupamakake kaya dening manungsa kang bisa gendhingan. Ing pethikan kuwi panulis nggambarake swara klompen sing kemelethak swarane amarga digawe saka kayu.

g. Basa Paradoks

Basa Paradoks yaiku lelewane basa kang arupa ukara *pernyataan*. Ing sajrone ukara kuwi ana rong perkara sing *bertentangan*. Wujud panganggone basa Paradoks ing sajrone lirik carita *NAWI BKL INAH* anggitané Antariksawan Jusuf lan Hani Z. Noor bisa kawawas kaya ing pethikan ngisor iki.

(75)...

Bòlòngan gedhi ring ngarep, hang cilik dienggo nyumet.
Pòkòké jemedòr ati dhemen, hing ònò hang nyamah.
(Jusuf, 2013:6)

Adhedhasar pethikan ing dhuwur katon anane lelewane basa (gaya basa) personifikasi. Pethikan (75), ukara ‘*bolongan gedhi ring ngarep, hang cilik dienggo nyumet*’ nuduhake basa Paradoks. Saka ukara kasebut, tembung ‘*gedhi*’ lan tembung ‘*cilik*’ minangka tembung kosok balen. Ing pethikan ukara kasebut, panulis menehi pamawas marang pamaos ngenani bageyane blanggur. Bolongan gedhi ing sisih ngarep lan sing cilik dienggo nyumet ing bageyan mburi.

h. Basa Eufimisme

Basa Eufimisme yaiku lelewane basa kang nuduhake tembung-tembung kang disawang saru utawa dirasa kasar diganti karo tembung-tembung liyane sing luwih pantes utawa alus. Wujud panganggone basa Eufimisme ing sajrone lirik carita *NAWI BKL INAH* anggitané Antariksawan Jusuf lan Hani Z. Noor bisa kawawas kaya ing pethikan ngisor iki.

(76)...

Ulih welut sak gòrèngan dirijigi ring banyu mili.
Dhung ònòkuning-kuning kemambang liwat yò
ati-ati.
(Jusuf, 2013:12)

Adhedhasar pethikan ing dhuwur katon anane lelewane basa (gaya basa) personifikasi. Pethikan (76), ukara ‘*dhung ana kuning-kuning kemambang liwat ya ati-ati*’ nuduhake basa Eufimisme. Saka ukara kasebut, tembung ‘*kuning-kuning*’ minangka tembung kang dialusake supaya ora saru. Tembung asebut nduweni teges

‘*tai*’. Ing pethikan ukara kasebut, panulis menehi pamawas marang pamaos manawa yen ing kali ana kuning-kuning kemambang liwat iku kudu ati-ati supaya ora kena tai.

i. Basa Pararima

Basa Pararima yaiku lelewane basa kang ngambali konsonan wiwitan lan pungkasan sajrone tembung utawa bageyan tembung liyane. Wujud panganggone basa Pararima ing sajrone lirik carita *NAWI BKL INAH* anggitané Antariksawan Jusuf lan Hani Z. Noor bisa kawawas kaya ing pethikan ngisor iki.

(77) Diliwatnò dalan mungghah, kòyò jamping,
dhuwur-dhuwuran.
Ngeliwati watu zig-zag, wis kòyò lomba ring
lapangan.
(Jusuf, 2013:14)

Adhedhasar pethikan ing dhuwur katon anane lelewane basa (gaya basa) personifikasi. Pethikan (77), ukara ‘*Ngeliwati watu zig-zag, wis kaya lomba ring lapangan*’ nuduhake basa Pararima. Saka ukara kasebut, tembung ‘*zig-zag*’ minangka tembung kang nduweni teges menggak-menggok. Ing pethikan ukara kasebut, panulis menehi pamawas marang pamaos manawa Nawi dolanan jamping ing dalan menggak-menggok wis kaya lomba temenan.

j. Basa Antitesis

Basa Antitesis yaiku lelewane basa kang nggawe perbandhingan antarane rong antonim. Wujud panganggone basa Antitesis ing sajrone lirik carita *NAWI BKL INAH* anggitané Antariksawan Jusuf lan Hani Z. Noor bisa kawawas kaya ing pethikan ngisor iki.

(78)...

Dibakar diwòlak-walik ring pawòn hang ròdò
gedhi geniné.
Masiyò matengé gòsòng tapi wuindhul rasané.
(Jusuf, 2013:17)

Adhedhasar pethikan ing dhuwur katon anane lelewane basa (gaya basa) Antitesis. Pethikan (78), ukara ‘*Masiya matenge gosong tapi wuindhul rasane*.’ nuduhake basa Antitesis. Ing pethikan ukara kasebut, panulis menehi pamawas marang pamaos manawa sawi sing dibong kegosongen tetep nduweni rasa sing enak.

k. Basa Apofasis

Basa Apofasis yaiku lelewane basa kang nuduhake penegasan kanthi cara kaya-kaya nyengkal sing ditegesake. Wujud panganggone basa Apofasis ing sajrone lirik carita *NAWI BKL INAH* anggitané Antariksawan Jusuf lan Hani Z. Noor bisa kawawas kaya ing pethikan ngisor iki.

(79) Paling ènjòng pas usum buah usum kepundhung.

Ònò hang abang ònò hang putih rasané manis
sithik seru kecuté.
(Jusuf, 2013:17)

Adhedhasar pethikan ing dhuwur katon anane lelewane basa Apofasis. Pethikan (79), ukara ‘*ana hang abang ana hang putih rasane manis sithik seru kecute*’ nuduhake basa Apofasis. Saka ukara kasebut, frase ‘*manis sithik*’ lan ‘*seru kecute*’ minangka frase sing nyengkal siji karo sijine. Ing pethikan ukara kasebut, panulis menehi pamawas marang pamaos manawa yen usum buwah, kanggone Nawi sing paling enak iku buah kepundhung. Sanajan ta rasane kecut nanging isih ana legine sithik.

E. DUDUTAN

1) Dudutan

Adhedhasar analisis kang wis dilakokake marang prosa lirik *NAWI BKL INAH* anggitane Antariksawan Jusuf lan Hani Z. Noor bisa didudut ngenani pamilih tembung (*diksi*) lan lelewane basa (*gaya bahasa*) ing antarane yaiku.

Pamilihe tembung (*diksi*) kang onjo digunakake ing prosa lirik *NAWI BKL INAH* yaiku, pepindhan, citraan lan kang gegayutan karo pamerange basa, yaiku tembung camboran, tembung rangkep, *relasi makna*, makna *denotatif*, lan makna *konotatif*. Saka pamilihe tetembungan kang digunakake panulis, akeh migunakake tetembungan kang alamiyah, tetembungan kang kapilih akeh kang nggambarake kabudayan suku Using Banyuwangi, mligine papan dununge panulis. Saliyane iku, panulis nggambarake kahanane paraga Nawi wiwit cilik nganti dheweke omah-omah lewat karyane.

Lelewane basa (*gaya bahasa*) kang onjo digunakake ing guritane yaiku rima, rima ing panliten iki keperang dadi *asonansi*, *aliterasi* lan rima pungkasan (*rima akhir*). Saka panganggone rima ing prosa lirik *NAWI BKL INAH* bisa nuwuhake kaendahan, rasa nges, lan pamantep kanggo nuduhake sawijine surasa utawa kahanan kang nyenengake utawa ora nyenengake. Kanggo nuwuhake rasa kaendahan, rasa nges, lan rasa pamantep ing prosa lirik iku panulis nuduhake kekhasane panulis, yaiku kanthi nggunakake tetembungan kang ngandhut maneka warna alofon sing ana ing basa Using. Saliyane iku panulis uga nggunakake repetisi, basa antropomorfasis, fabel, pleonasme, lan lelewa basa sapanunggalane.

Saka pamilihe tembung (*diksi*) lan lelewane basa (*gaya bahasa*) kang tinemu ing prosa lirike Antariksawan

Jusuf lan Hani Z. Noor, bisa kawawas manawa tetembungan kang kapilih bisa nuwuhake kaendahan, rasa nges, pamantep, lan nuduhake kekhasane panulis lewat basa-basa kang kapilih. Ing prosa lirike, panulis akeh nggunakake tetembungan kang wis lumrah digunakake dening masyarakat Using. Panganggone tetembungan kang lumrah kasebut bisa luwih gampang anggone negesi ngenani pituduh, pitutur, lan ngenani gegambaran kang ana ing bumi Blambangan. Gegambaran bumi Blambangan ing antarane yaiku ngenani perkara budaya Using, basa Using, lan masyarakat Using.

2) Pamrayoga

Kanthi maca isi prosa lirik sajrone prosa lirik *NAWI BKL INAH* kaajab pamaos bisa mangerteni kekhasan basa kang digunakake panulis lan bisa mangertani gegambaran kahanan ing dhaerah Banyuwangi, mligine papan panggonane panulis. Dadi luwih prayogane manawa pamaos uga bisa njupuk paedah saka prosa lirik kang wis kaserat ing prosa lirik *NAWI BKL INAH*.

Panliten iki pancen isih adoh saka kasampurnan amarga mung diwatesi ing unsur pamilihe tembung (*diksi*) lan lelewane basa (*gaya bahasa*) ing sajrone prosa lirik *NAWI BKL INAH* anggitane Antariksawan Jusuf lan Hani Z. Noor. Ing prosa lirik *NAWI BKL INAH* sejatine isih bisa diteliti utawa dianakake panliten liya, yaiku bisa ing tingingan sosiologi sastra, psikologi sastra kang bisa nambah khasanah ing ilmu basa mligine ing Pendhidhikan Bahasa Dhaerah

KAPUSTAKAN

- Ali, Hasan. 1995. *Tata Bahasa Baku Bahasa Using*. Banyuwangi: Pemda Kab. Dati II Banyuwangi.
2002. *Kamus Bahasa Daerah Using-Indonesia*. Banyuwangi: Pemerintahan Kabupaten Banyuwangi.
- Aminuddin. 2010. *Pengantar Apresiasi Karya Sastra*. Bandung: Sinar Baru Algensindo.
- Arifin, E. Zaenal dan H. M. Junaiyah. 2009. *Morfologi Edisi Kedua*. Jakarta: PT Gramedia Widiasarana Indonesia
- Arikunto, Suharsimin. 1998. *Prosedur Penelitian: Suatu Pendekatan Praktek*. Jakarta: PT. Rineka Cipta.
- Chaer, Abdul. 2009. *Pengantar Semantik Bahasa Indonesia*. Jakarta: PT Rineka Cipta.
- Djajasudarma, Fatimah. T. 1993. *Semantik 1 Pengantar ke arah Ilmu Makna*. Bandung: PT Eresco.
- Endraswara, Suwardi. 2008. *Metodologi Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Med Press
- Jalil, Dianie Abdul. 1990. *Teori dan Periodisasi Puisi Indonesia*. Bandung: Remaja Rosdakarya.
- Jusuf, Antariksawan dan Zaini. Noor. 2013. *Nawi BKL Inah*. Jakarta: Republika penerbit.
- Keraf. Gorys. 2006. *Diksi dan Gaya Bahasa, Komposisi lanjutan 1*. Jakarta: PT Gramedia pustaka Utama.
- Oka. I.G.N dan Suparno. 1994. *Linguistik Umum*. Jakarta: Departemen Pendidikan dan Kebudayaan.
- Padmosoekotjo, S. 1953. *Ngengrengan Kasusastran Djawa*. Yogyakarta: Soejadi.
- Pradopo, Rachmat Djoko. 2005. *Pengkajian Puisi*. Jakarta: Gadjah Mada University Preess.
- Ratna, Nyoman Kutha. 2009. *Stilistika Kajian Puitika Bahasa, Sastra, dan Budaya*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar
- Sasangka, Sry Satriya Tjatur Wisnu. 2011. *Paramasastra Gagrag Anyar Basa Jawa*. Jakarta: Yayasan Paramalingua
- Sudaryanto. 1993. *Metode dan Aneka Teknik Analisi Bahasa*. Yogyakarta: Duta Wacana University Press 154
- Sudjiman, Panuti. 1993. *Bunga Rampai Stilistika*. Pustaka Umum Grafity.
- Teeuw. A. 1984. *Sastra dan Ilmu sastra*. Jakarta: PT Girimukti Pasaka.
- Verhaar. J. W. M. 2010. *Asas-Asas Linguistik Umum*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- Wellek, Rene dan Austin Warren. 1993. *Teori Kasusastran*. Jakarta: PT Gramedia Pustaka Utama.
- Yuwana, Setya, dkk. 2000. *Pendekatan Stilistika dalam Puisi Jawa Modern Dialek Using*. Jakarta: Departemen Pendidikan Nasional. .